ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№18 (23.426) ● 2017 гъэм мазаем (февралым) и 1, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр цІыхухэм яІущІащ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щахуэзащ зи щхьэ Іуэхукіэ къекІуэлаІэхэм.

ЦІЫХУХЭР къызытекІуэхьахэм яІущІт псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм, экологием, хьэрычэт Іэнатіэ мащІэмрэ курытымрэ защІэгъэкъуэным, зи узынщагъэр зэкІэлъымыкІуэ ныбжьыщІэхэм зыхэпсэукІын Іэнатіэ зэтрагъэувэнымкІэ ядэІэпыкъуным япыщІа Іуэхухэр.

ЛъэІухэмрэ тхьэусыхафэхэмрэ яІущІ зыбжанэм занщІэу унафэ тращІыхьащ, нэхъ кууэ зыхэплъэн хуейхэм щыгъуазэ защІу пІалъэ пыухыкІахэм къриубыдэу ахэр дагъэкІыну хуагъэуващ министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм.

2017 гъэр къызэрихьэрэ республикэм и унафэщІыр зи щхьэ Іуэхукіэ къыхуэкІуа цІыху 29-м яхуэзащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Урысейм и Правительствэм и унафэкІэ КъБР-м и мэкъумэш хозяйствэм сом мелуан 200-м щІигъу къыхуаутІыпщ

2013 - 2020 гъэхэм мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьынымкІэ, мэкъумэш про-дукцэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр зэблэгъэкІынымкІэ къэрал программэм ипкъ иткІэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 207-м щІигъу хухахащ. Апхуэдэ унафэм Іэ щІидзащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ Медведев Дмитрий. Ахъшэр трагъэкІуэдэнущ агропромышленнэ комплексым и Іуэхущ Іапіэхэр къызэрэпэщыным, лажьэу щыІэхэр къэгъэщІэрэщІэжьым, техникэ, Іэмэпсымэхэр къэщэхуным.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Сабийхэм я узыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ хуосакъ

КъБР-м щыІэ МВД-м наркотикхэр зэрызэрагъэкІуэкІым кІэлъыплъ и къудамэм иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зэІущІэр теухуат Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министерствэмрэ къэрал Іуэхущ Іапіэхэмрэ наркоманием пэщІэтыныкІэ зэдзэлъжьэн зэрыхуейм.

УПРАВЛЕНЭМ и оперуполномоченнэ нэхъыжь Давыдов Иринэ жиІащ щыІышылэм и 23-м щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэ псомиз «Ди сабийхэм я узыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ папщІэ» фІощыгъэр иІэу наркотикым пэщІэтыным теухуа Іуэху зэрыщекІуэкІыр. Ар тэмэму зэфІахын папщІэ республикэм щыІэ МВД-м КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ, Узыншагъэр хуэмэнымкІэ и министерствэхэм, нэгъуэщІ Іуэхущ Іапіэхэм я лыкІуэхэр зыхэт штаб къыщызэрагъэпэщащ.

Республикэм и егъэджэныгъэ Іуэхущ Іапіэхэм ныбжьыщІэхэр, адэ-анэхэр зыхэт лекцэхэр, «стІол хъурейхэр», псалъэмакъэр щрагъкІуэкІынущ. Къищынэмыщ Іэуэ, къыхагъэщащ сату Іуэхущ Іапіэхэм, аптекэхэм наркотик, акъылыр зыгъэутхъуэ веществохэр хабзэм къемызэгъыу зэращэр къыщІагъэщын мурадкІэ къэпщытэныгъэхэр щегъэкІуэкІын зэрыхуейр.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Мылъкушхуэ трагъэкІуэдэн хуей мэхъу

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ Голодец Ольгэ жиІащ хамэ къэралхэм къыкІэІуэ ди деж щылажьэхэм мылъкушхуэ ятекІуадзу. Урысейм апхуэдэу мелуанибл хуэдиз щолажьэ.

«Абыи и закъуэкъым, - къыхигъэщащ Голодец, къэралым техникэ и лъэныкъуэкІэ зиужьынми зэранышхуэ хуохъу ахэр. ЩІэнагъэ, Іэзагъэ зэхъэпІэн хуэмей Іэнатіэхэрщ гастрабайтерхэр нэхъыбэу зыпэрытри, лэжьапщІэшхуи къыщыхьыркъым, къыщыщІагъэкІми ди дежкІэ мыхьэнэшхуэ яІэкъым. КІэщІу жыпІэмэ, ди экономикэм фейдэ къыхуахьыркъым, апхуэдэу щытми, къэралым абыхэм мылъку ятрегъэкІуадз: я сабийхэр пщІэнэшэу ирегъаджэ, медицинэ, нэгъуэщІ Іуэхутхъэбзэхэр яхуищІэн хуей мэхъу».

Голодец къызэрыхигъэщамкІэ, Іэпщэ къарум нэхъ тещІыхьа Іэнатіэхэр зэхуэщІыжьын хуейщ, сыту жыпІэмэ, апхуэдэхэр техникэ зыужьынымкІэ лъэхъэ хуохъу.

ЩІыуэпсыр хъумэным хуэгъэзауэ

Бельгием и Антверпен къалэм и Іэтащхьэ хэм унафэ гъэщІэгъуэн иджыблагъэ къыдагъэкІащ.

Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, автомобильщІэхэм я закъуэщ къалэкум щызекІуэну хуитыр. Жьы хъуа машинэхэр ягъэува Іунапкъэхэм ирагъэхьэнукъым, абыхэм кьапих Іугъуэмрэ гъуэзымрэ хьэуар зэрауфІейм къыхэкІыу. Апхуэдэхэм хабжэнущ бензинкІэ лажьэ машинэхэм ящыщу илъэс 20 хъуауэ къагъэсэбэпхэр, дизель гъэсыныпхъэ зрагъахъуэхэм щхьэкІэ - илъэс 15. Унафэр къызэпызыудэм тралъхьэну къуэдыр зыхуэдизри ауб-зыхуащ - еври 125-кІэ ётхьэкъуныц.

ЦІыхухэм я узыншагъэр, щІыуэпсыр хъумэным хуэгъэза я унафэр ягъэзащІэмэ, псэ зыІутыр дежкІэ зэрану хьэуам хатІыпщхьэ пкъыгъуэхэр 2020 гъэм ирихьэлІэу хуэдитІкІэ нэхъ мащІэ хъуну мэгуГъэ я жэрдэмыр къыхэзыльхьахэм.

НОБЭ

♦США-м щагъэлъапІэ Хуитыныгъэм и лъэпкъ махуэшхуэр
♦Мексикэм и Конституцэм и махуэщ
♦1816 гъэм декабристхэм «КъеГъэлакІуэхэм я зэгухьэныгъэ» зыфІаща я япэ щэхурылажьэ гупыр къызэрагъэпэщащ.
♦1829 гъэм Нэгумэ Шорэ Налшык къыщызэІуихащ сабий нэхъ акъылыфІэхэр щрагъэджэну школ.
♦1923 гъэм СССР-м щыяпэ ахъшэ хъумапІэр Петроград къалэм къыщызэІуахащ.
♦1924 гъэм Инджылызым СССР-р езым и ухуэкІэ зиІэж къэрал щхьэхуиту зэрыщытыр кІиныатащ.
♦1926 гъэм Кьыргызыз АССР-р къызэрагъэпэщащ.
♦1929 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал хорыр къызэрагъэпэщащ.
♦1931 гъэм Москва къыщызэІуахащ «Союзкино» фабрикэ нэхъыщхьэр (иужькІэ «Мосфильм» киностудие хъуащ).
♦1946 гъэм Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН) и япэ секретарь нэхъыщхьэу хахащ Норвегием щыщ политик Ли Трюгве.
♦1992 гъэм Урысеймрэ США-мрэ Іэ щІадзащ «зауэ щыІэм и лъэхъэнэр» зэрриухам теухуа декларацэм.
♦2003 гъэм уэгум къыщыуащ США-м и «Колумбия» кхъухьыр, махуэ 16-кІэ хьэршым щыІауэ къэкІуэжьыр. Абы иса астронавтибли - цІыхубзитІ цІыхухъуипІпІ - зэкІуэдащ. Хьэлъэ ихьурэ кхъухьыр хьэршым 28-рэ кІуат.
♦Урыс щІэныгъэлІ цІэрыІуэ, академик, дохутыр Іэзэ **Бехтерев Владимир** къызэралъхурэ илъэси 160-рэ ирокъу. Абы и цІэр фІащащ сымаджэщ, еджапІэ нэхъыщхьэ зыбжанэм.
♦США-м щыщ киноактёр цІэрыІуэ, «Оскар» саугъэтыр зыхуагъэфэща, игъэзащІа роль куэдымкІэ цІыху мелуанхэм я гум кьина **Гейбл Кларк** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Къардэн Льостэнбий** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.
♦Урысей къэрал лэжьакІуэ, УФ-м и япэ президенту щыта **Ельцин Борис** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.
♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Лъэпщокъуэ МутІалиб** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.
♦Археолог, шапсыгъ лъахэдж, узэщІакІуэ **ТІэш Мадин** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.
♦СССР-м и кхъухьлъатэзехуэ-космонавт, Совет Союзым тІэунейрэ и Лыхъужь **Аксёнов Владимир** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.
♦Адыгэ Республикэм и цІыхубз тхакІуэ **Куэшбей Пщымахуэ** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.
♦Балетым и къэфакІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Совет Союзым и цІыхубз артистка **Максимова Екатеринэ** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.
♦Совет хоккеист, Олимп чемпион, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Фирсов Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.
♦УэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, РСФСР-м и цІыхубз артист **Лещенкэ Лев** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык махуэм пшэр техьэ-текІыу, жэщым бзыгъэу щыщытынущ. ЩІыпІэр махуэм градус 11 - 7, жэщым градуси 10 - 8 щыхьынущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр цІыхухэм яІущІащ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щахуэзащ зи щхьэ Іуэхукіэ къекІуэлаІэхэм.

ЦІЫХУХЭР къызытекІуэхьахэм яІущІт псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм, экологием, хьэрычэт Іэнатіэ мащІэмрэ курытымрэ защІэгъэкъуэным, зи узынщагъэр зэкІэлъымыкІуэ ныбжьыщІэхэм зыхэпсэукІын Іэнатіэ зэтрагъэувэнымкІэ ядэІэпыкъуным япыщІа Іуэхухэр.

ЛъэІухэмрэ тхьэусыхафэхэмрэ яІущІ зыбжанэм занщІэу унафэ тращІыхьащ, нэхъ кууэ зыхэплъэн хуейхэм щыгъуазэ защІу пІалъэ пыухыкІахэм къриубыдэу ахэр дагъэкІыну хуагъэуващ министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм.

2017 гъэр къызэрихьэрэ республикэм и унафэщІыр зи щхьэ Іуэхукіэ къыхуэкІуа цІыху 29-м яхуэзащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Урысейм и Правительствэм и унафэкІэ КъБР-м и мэкъумэш хозяйствэм сом мелуан 200-м щІигъу къыхуаутІыпщ

2013 - 2020 гъэхэм мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьынымкІэ, мэкъумэш про-дукцэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр зэблэгъэкІынымкІэ къэрал программэм ипкъ иткІэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 207-м щІигъу хухахащ. Апхуэдэ унафэм Іэ щІидзащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ Медведев Дмитрий. Ахъшэр трагъэкІуэдэнущ агропромышленнэ комплексым и Іуэхущ Іапіэхэр къызэрэпэщыным, лажьэу щыІэхэр къэгъэщІэрэщІэжьым, техникэ, Іэмэпсымэхэр къэщэхуным.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Ахъмэт А. Хь. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм ІэщІагъэмкІэ я коллегием жылагъуэ лІыкІуэу хэгъэхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм и судыщІэ органхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 11-нэ статьям и пункт 6-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм ІэщІагъэмкІэ я коллегием жылагъуэ лІыкІуэхэр зэрыхагъэхьэ щІыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 3-нэ статьям ябпкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. **Ахъмэт Алим Хьабас и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм ІэщІагъэмкІэ я коллегием жылагъуэ лІыкІуэу хэгъэхьэн, а коллегием и полномочиехэм я пІалъэм къриубыдэу, хэтыну.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм ІэщІагъэмкІэ я коллегием хуегъэхьын.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм щІышылэм и 26-м
№620-П-П

Гугу М. Хь. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм ІэщІагъэмкІэ я коллегием жылагъуэ лІыкІуэу хэгъэхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм и судыщІэ органхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 11-нэ статьям и пункт 6-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм ІэщІагъэмкІэ я коллегием жылагъуэ лІыкІуэхэр зэрыхагъэхьэ щІыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 3-нэ статьям ябпкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. **Гугу Маринэ Хьэбас и пхъур** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм ІэщІагъэмкІэ я коллегием жылагъуэ лІыкІуэу хэгъэхьэн, а коллегием и полномочиехэм я пІалъэм къриубыдэу, хэтыну.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм ІэщІагъэмкІэ я коллегием хуегъэхьын.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм щІышылэм и 26-м
№621-П-П

Маликовэ Л. Л. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм ІэщІагъэмкІэ я коллегием жылагъуэ лІыкІуэу хэгъэхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм и судыщІэ органхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 11-нэ статьям и пункт 6-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм ІэщІагъэмкІэ я коллегием жылагъуэ лІыкІуэхэр зэрыхагъэхьэ щІыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 3-нэ статьям ябпкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. **Маликовэ Лидие Леонид и пхъур** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм ІэщІагъэмкІэ я коллегием жылагъуэ лІыкІуэу хэгъэхьэн, а коллегием и полномочиехэм я пІалъэм къриубыдэу, хэтыну.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщІэхэм ІэщІагъэмкІэ я коллегием хуегъэхьын.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм щІышылэм и 26-м
№622-П-П

Ди къуэш республикэхэм

СатукІэ ящыщІащ къэрал 11-м

АДЫГЕЙ. *Республикэр сату Іуэхукіэ ящыщІащ къэрал 11-м. Адыгейм и ерыскъыпхъэхэр, химие Іэнатіэм, машинэ ухуэныгъэм ехьэлІа, апхуэдэуи целлюлоз-тхылъымпІэ продукцэхэр яхурегъашэ Абхъазым, Израилым, Украинэм, Беларусым, Къэзахъстаным.*

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЩІ, езы Адыгейм къыІэрохьэ Сириеми, Италиеми, Германием, Франджым, Словакием къраш мэкъумэшхэкІрэ ерыскъыхэкІыу санкцэхэм химыубыдэхэр, апхуэдэуи машинэхэр, Іэмэпсымэхэр. Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр Былымгъуэт Ибрэхьим зэрыжиІамкІэ, нэгъабэ и щІышылэ-фокІадэ мазаохэм псори зэхэту доллар мелуан 55-рэ и уасэ сату Іуэху зэдгъэкІуэкІащ. Абы щыщу доллар мелуан 13,6-рэ республикэм яхуиутІыпщам хуоэз, республикэм кърашащ доллар мелуан 41,5-рэ и уасэ.

Къуажэхэр газкІэ къызэрагъэпэщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *2017 гъэм республикэм газкІуапІэ километр 23-м щІигъу щаухуэдиину я мурадщ. Федеральнэ программэм ипкъ иткІэ Къэрэшей-Шэрджэсым и къуажэхэр газкІэ къызэрэпэщыным сом мелуан 40-м щІигъу трагъэкІуэдэнущ.*

РЕСПУБЛИКЭМ Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІ Хамхоев Хьэсэн зэрыжиІамкІэ, 2017 гъэм къуажэхэр газкІэ къызэрэпэщыным сом мелуан 40,4-рэ хухахынущ. Нэгъабэ газ бжьамий километри 8,9-рэ яукъуэдиямэ, иджы ар хуэдитІкІэ нэхъыбэ хъунущ. Программэм хьихьэ Іуэхухэр зэфІэгъэкІынымкІэ хьихьэу Къэрэшей-Шэрджэсым заявкэ итащ федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу сом мелуан 216,5-рэ кратыну. Республикэ бюджетым кьыхахьынущ сом мелуан 93-м щІигъу, муниципальнэм - сом мелуани 5,7-рэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

Бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ

Дзэлыкъуэ щІыналъэм гулъытэ хэха щыхущІ зэфІэкІ зиІэ сабийхэм ядэІэпыкъуным.

ЩІЫНАЛЪЭ администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ Дохъушокъуэ Исмэхьил дызэрыщигъэгъуэзамкІэ, классщІыб лэжьыгъэ зыдрагъэкІуэкІэм я бжыгъэр мини 4-м щІигъуащ. Абыхэм ящыщу сабий творчествэмкІэ унэхэм екІуалІэр минрэ щитхум нызэрохьэс. ЕгъэджэныгъэмкІэ щІыналъэ управлензм и нэІэм щІэту лажьэ гупжьей зэмылІэужьыгъуэхэм йокІуалІэ минрэ щихым нэс. Иджыпсту Дзэлыкъуэ щІыналъэм зэфІэкІ зиІэ сабийуэ мини 2-рэ 700-рэ исщ. Абыхэм хэхъуэауэ щадолажьэ курыт школхэмэ, РЦДО, РДМШ Іэнатіэхэмэ.

Кьыдэкіуэтэт щІэблэр спортым дегъэхьэхьынымкІи жылагъуэхэм лэжьыгъэшхуэ щокІуэкІ. Секцэ зэмылІэужьыгъуэхэм цІыху 365-рэ йокІуалІэ. ЗыгъэсапІэхэр зыхуей хуэзэу къызэрэпэщащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Зыгъэпсэхуакіуэ къакІуэхэм я нэгу зрагъэужь

Конкурсхэр, нэгъуэщІ зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэр туристхэмрэ зыплъыхьакІуэхэмрэ папщІэ щихъ Валентин и махуэм Чегет куейм щрагъэкІуэкІынущ Энерджи радиостанцым и лэжьакІуэхэм.

А ЛЭЖЬЫГЪЭР сыхьэти 9-м щегъэжьауэ 17-м нэсыху зэпыунукъым. Апхуэдэу туристхэм я пащхьэ концерт программэ гъэщІэгъуэн щигъэлъэгъуэнущ Фишер Верэ.

Мы нэгузужьыш цІыху 200 нэхърэ мынэхъ мащІэ кърихьэлІэну къалъытащ.

ТАРИМ Алисэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи ныбэ гъэгъуи, уи гугъуфІ егъэщІ.

Республикэм исхэмрэ хьэщІэхэмрэ гу зылъатапхъэ

Бэракъ Плъыжь ордену тІу, Вагъуэ Плъыжь орден зиІэ, Урысей армэм уэрэдымрэ кьафэмкІэ и ансамбль цІэрыІуэу Александровым и цІэр зезыхьэм и артистхэу 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м тенджызэ ФІыцІэм хэхуа кхъухьлъатэм ису хэкІуэдахэм я фэеплъ пшыхь Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуаІэм 2017 гъэм мазаем и 6-м щекІуэкІынущ.

Концертым щІидзэнущ сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м.

Телефонхэр: **42-43-14, 42-44-27, 44-22-10**

● Бахъсэн щІыналъэ

Нэхъыжьхэр ягъэгушхуэ

Бахъсэн щІыналъэм щыпсэу цІыхуитхум я илъэс 90 юбилейр мы гъэм и пэщІэдзэм ягъэлъэпІащ. Хабзэ дахэ зэрыхъуауэ, щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ кхуэдзэ Къанэмэт Рустам я пашэу, муниципалитетымрэ къуажэхэмрэ я нэхъыжьхэр абыхэм ехъэхъуащ. Къалэн лъапІэр ягъэзащІэу, муниципальнэ щІыналъэм и унафэщІхэр яхуеблагъэри, Урысей Федерацэм и Президентым и хъуэхъу тхыгъэхэр юбилярхэм ыратыжащ.

ЩІЫШЫЛПЭ мазэм я илъэс бгъуэщІыр ягъэлъэпІащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу Боченков Василий, Асльэныкъуэ Мухьэмэд, Пащты Хьурсиян, Сыжажэ Мухьэмэд, Елдар МатІэ сымэ.

ЧЫЛАР Аринэ.

Налшык къалэ округым и щІыпІэ самоуправленэм и Советым иджыблагъэ иригъэкІуэкІа 4-нэ зэхуэсым къыщыІэта Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ «Водоканал», «Нальчикская теплоснабжающая компания» муниципальнэ Іэнатіэхэм я щытыкІэр.

МЫ ІЭНАТІЭХЭМ я лэжьыгъэм хэлъхьэн хуей зэхъуэкІыныгъэхэм теухуа проектхэр ягъэбелджылащ. Абыхэм къыщыгъэлъэгъуащ иджыпсэ зыхуей-зыхуэфІхэр къэгъэсэбэпауэ, коммуникацэ хуэІухуэщІэхэр зэрыэзахъуэкІыфынру Іэмалхэр. Зэрыгурыуэгъуэщи, мы Іуэхухэр тэмэму зэфІэхыным мылъку пыухыкІа текІуэдэнущ. Абы папщІэ инвесторхэри кьешэлІэн хуейщ.

● ЖКХ

ХэкІыпІэ къалъыхъуэ

Техникэ и лъэныкъуэкІэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм узыщрихьэлІэ зэхуэмыдыныгъэхэм ящыщ нэмыщІауэ, зэІущІэм щытесэлъыхьащ я лэжьыгъэр къэзыльхъэ щІыхуэшхуэр абыхэм я Іуэхутхъэбзэр къэзыгъэсэбэпхэм къатенауэ зэрателъым. Ахэр сом мелуан 274-рэ мэхъу. Абы щыщу сом мелуан 238-р унагъуэхэм яйщ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфІхэ!

Илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну ди газетым Іэ щІэвдзэмэ, фыхунэмысамэ, иджыри Іэмал фиІэщ ар вгъэзэкІуэжьну.

Мазаем и 25 пщІондэ Іэ щІэвдзэмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфІэрыхьэнущ гъатхэзэн и 1-м къыщыщІэдзауэ.

Мазиплым ди газетым и уасэр сом 443-рэ кІэпІейкІэ 98-рэщ.

Ди индексыр 51531

Корпорация МСП

● Видео-конференцхэр

Зэрызэдэлэжьэну щIыкIэр ягъэбелджылы

«Хьэрычэтыщ1э I энатIэ мащIэхэмрэ курытхэмрэ зегъэужьынымкIэ федеральнэ корпорацэ» акционер обществэм («МСП»-м и корпорацэ» АО) щIышылэм и 25-м Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм зи чэзу видео-конференцыр ядригъэкIуэкIащ. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Рахаев Борис, абы и къуэдзэ Белецкая Ольгэ, Къэрал мылъкур зехьэнымкIэ федеральнэ агентствэм и Къэбэрдей-Балькъэр щыналъэ къудамэм и унафэщым и къуэдзэ Бекъалды Мурат, республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм щIыпIэ самоуправленэм и IуэхухэмкIэ и къудамэм и консультант Ало Арсен сымэ.

КОНФЕРЕНЦЫР иригъэкIуэкIащ УФ-м и субъектхэр муниципальнэ щIыналъэхэм, Урысейм МылъкумкIэ и къулыкъущIапIэм I энатIэ мащIэхэмрэ щIыналъэ корпорацэм и дирекцэм и унафэщI **Чуев Андрей**.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ хьэрычэтыщIэ I энатIэ мащIэхэмрэ курытхэмрэ я лэжьыгъэр къыззыгъэпэщ МСП-м и I энатIэхэмрэ организацэхэмрэ мылъкукIэ зэрадэлэжьыну методикэ чэнджэщхэм я проектыр гъэхьэзырынымкIэ УФ-м и щIыналъэхэм къыщагъэсэбэп I эмал гъэунэхуахэм. Методикэ чэнджэщхэм я проектхэр щаубзыхум Урысей Федерацэм и щIыналъэ щхьэхуэхэм къыщыхалъхьа I уэхугъуэхэм иригъуэзащ, апхуэдэу АСИ-м, «Iуэху зезыхьэ Урысей», «Урысейм и щIэгъэкъуэн» жылагъуэ организацэхэм, УФ-м и Сатуныгъэ промышленнэ палатэм МСП-м и I энатIэхэр мылъкукIэ зэрыдаIыгъыну пщалъэхэмрэ хабзэхэмрэ щызэхуагъакIуэкIэ, къэрал властымрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я органхэм кьахуэщхьэпэну къальытэ I эмалхэр ягъэбелджылащ.

Гу зылъытапхъэ:

МСП-м и корпорацэм и лэжьыгъэр нэхъыщхьэу зытещIыхьар:

- хьэрычэтыщIэ I энатIэ мащIэхэмрэ курытхэмрэ я лэжьыгъэр къыззыгъэпэщ МСП-м и субъектхэмрэ организацэхэмрэ защIэгъэкъуэныр;
- МСП-м и субъектхэр даIыгъын мурадкIэ, Урысей, хамэ къэрал, къэрал зэхуаку организацэхэм я мылъку къыхегъэпхьэныр;
- МСП-м и субъектхэм ягъэзащIэ инвестицэ проектхэр хъыбарегъащIэ, маркетинг, финанс, юридическэ I эмалхэмкIэ щIэгъэбыдэныр;
- УФ-м и Правительствэм зэригъэбелджылым хуэдэу, илъэсым тещIыхьауэ МСП-м и субъектхэм я деж хьэпшыпу, лэжьыгъэу, I уэхутхьэбзэу, апхуэдэу инновацэ, фIагъышхуэ зиIэ продукцэу къыщащэхум хэгъэхъуэныр;
- МСП-м и I энатIэхэр даIыгъын мурадкIэ, къэрал властымрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я органхэр, нэгъуэщI I уэхущIапIэхэр, организацэхэр хъыбархэмкIэ къыззэгъэпэщыныр;
- пщалъэхэмрэ хабзэхэмрэ зэрызэхуагъэкIуэну щIыкIэри хьыхьэу, МСП-м и I энатIэхэр зэрыдаIыгъыну I эмалхэр езыгъэфIэкIуэну I уэхугъуэхэр гъэхьэзырыныр.

Къэрал мылъкур зехьэнымкIэ Федеральнэ агентствэм и цIэкIэ Урысей Федерацэр, апхуэдэу «Зыужьыныгъэмрэ къэрал щIыб экономикэ лэжьыгъэмрэ я банк» (Внешэкономбанк) къэрал корпорацэр МСП корпорацэм и акционерхэщ.

КЪЭРЭШЕЙ Элеонорэ.

Хабзэр къызэпызыудхэр нэхъ мащIэ мэхъу

● ЗэIущIэхэр

Урысейм Тезырхэр ирегъэхьэкIынымкIэ и федеральнэ I уэхущIапIэм и управленэу КъБР-м щыIэм, I энатIэм и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Мэржэхъу Мухьэмэд и тхьэмадэу, щызэхэтащ коллегием и зэIущIэ. Абы илъэс кIуам я лэжьыгъэм кърикIуахэр щызэхалъхьэжащ, дызыхьха 2017 гъэм къапэщыт къалэныщIэхэр щаубзыхуащ, гу зылъытапхъэ унэтIынигъэхэр щагъэнэIуащ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ республикэм и I этащхьэм и Администрацэм, хабзэхьумэ I энатIэхэмрэ жылагъуэ организацэхэмрэ я лIыкIуэхэр.

КъБР-мкIэ УФСИН-м и унафэщI Мэржэхъу Мухьэмэд къыхигъэщащ тезырхэр щапшныжь щIыпIэхэм щытыкIэр зэпIэзэрыту икIи я нэIэм IэзэгъуэнкIэ. Къигъэлъэгъуащ законностыр гъэзэщIэныр республикэм и уголовнэ-гъэзэщIакIуэ I уэхущIапIэм и органхэмрэ I энатIэхэмрэ хабзэ щыIэным зэрыпылъыр. Илъэс кIуам управрлэнэм пищащ ягъэтIысахэм, ягъэкъуаншэу пIалъэкIэ я нэIэм щIэтхэм я хуитныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ хьэмэным теухуауэ европей конвенцэм къигъэувэхэр къыщыззэпауд къэмыгъэхьуным хуэунэтIа лэжьыгъэм, УФ-м и Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ I энатIэм 2020 гъэ пщIондэ зэрызиужьынум тещIыхьа концепцэм къыщыхьахэр пхыгъэкIыным.

ЯгъэтIысахэм, следствэ зыдрагъэкIуэкI ягъэжъуанщэхэмрэ суд зытращыхьхэмрэ къемызэгъ хьэпшыпхэр, псом япэу жып телефонхэр, Iэрагъэхьэныр къэмыгъэхъуным теухуа I уэхугъуэхэр зэрфIагъэкIащ. Илъэс кIуам жып телефон 669-рэ, наркотикхэкI грамми 159,44-рэ, фадзэкI литр 55-рэ къытрахащ. Къемызэгъ хьэпшыпхэр дзэхьэзну хэта цIыху 54-рэ яубыдащ икIи административнэ жэуапым ирашэлIащ, цIыхуи 3-м уголовнэ тезыр ирагъэхьащ.

Тезырхэр щагъэзэкIуэж I уэхущIапIэхэм я производствэ лэжьыгъэр хуэунэтIауэ щытащ цIыхуэхэр гъэзгу тэмэм тегъэувэжыным, ягъэтIысахэм ящыщ дэтхэнэри гъащIэм, лэжьыгъэм хэгъэзэгъэжыным, абы папщIэ зыхуеину I эщIагъэ ирагъэгъэтыным. Мэржэхъу Мухьэмэд къыхигъэщхьэхукIащ тезырыр езыхьэкIхэм драгъэкIуэкI I уэхухэм я фIыгъэкIэ лэжьыгъэ зыгъэуэта тутнакъэхэм езыхэм япшныж щIыхуэм къыдэкIуэу, я унагъуэхэм, я Iыхьлы гъунэгъуэхэм ахъшэкIэ зэрызыщIагъакъуэр.

Апхуэдэу тепсэлъыхьахэщ суд зытращыхьахэм, зи I уэхухэр зэхагъэкIхэм медицинэ, нэгъуэщI I уэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэм, драгъэкIуэкI гъэсэныгъэ, зэфIэгъэуэвэжыныгъэ лэжьыгъэм я фIагъыр зэрефIакIуэм.

- Илъэс хьуауэ дэ гъэунэхуныгъэ щыдогъэкIуэкI ИК-4-м щалъэ тутнакъэр гъэзгу тэмэм тегъэувэжыныкIэ центрым и лэжьыгъэм теухуауэ. Абы кьрикIуахэм япкъ иткIэ жыгIэфынущ тезыр езыхьэкIхэм ящыщу хабзэр къызэпызыудхэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар, лэжьыгъэм кьит хъерыр зэрыдэкIуеяр, езы I уэхущIапIэм щыIэ зэхущытыкIэхэр зэрефIэкIуар икIи, мыхьэнэшхуэ зиIэщи, ягъэтIысасхэр хабзэм тетыным зэрытрагъэгушхуэ I эмалхэу захуагъэ зыхэлъхэр къызэрызэрагъэпэщар. А псоми дэ драгъэгупсыс а центрым хуэдэхэр республикэм и нэгъуэщI I уэхущIапIэхэм щызэтедухуэным, - жиIащ Мэржэхъу Мухьэмэд.

Коллегием и зэIущIэм къыщыпсэлъащ ирагъэблагъэхэр. Абыхэми кьыхагъэбелджылыкIащ I уэхущIапIэр и къалэнхэм хъарзынэу зэрыплъэщыр, ар зыпыщIа I уэхущIапIэхэм быдэу зэрадэлажьэр икIи жаIащ УФСИН-м и лэжьакIуэхэм къапэщыт I уэхухэр адэкIи екъулIэныгъэ хэлъу зэрызэфIагъэкIынур я фIэщ зэрыхъур.

Къызэхуэсахэр зэIущIэм щедэIуащ блэкIа илъэсым нэхъыщхьэу зэфIагъэкIахэм теухуауэ I уэхущIапIэм и I этащхьэм и къуэдзэхэм, къудамэхэм я унафэщIхэм жаIахэм. Абыхэм гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ гугъуехь зыпылъ лъэпощхьэпохэми.

Коллегием и зэIущIэм щаубзыхуащ щыналъэ I уэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр егъэфIакIуэнымкIэ щыIэ I эмалхэр, 2017 гъэм зэфIагъэкIын хуейуэ къыпэщыт къалэн нэхъыщхьэхэр.

Зэхэхьэр I уэху гуапэкIэ иухащ. Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ I энатIэм къыщыхэжаныкIахэмрэ ветеранхэмрэ УФСИН-м и саугъэтхэмрэ щIыхь тхыльхэмрэ иратащ. Апхуэдэу дамэтелъэр I эрагъэхьэжащ звание щхьэхуэхэр зыхуагъэфэщащхэм.

Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-I уэхущIапIэ.

● Лъэпкъ Iуэху

ЛIымыщокъуэ Рэмэзанщ Хасэм и тхьэмадэр

Къумпылыл Мурат

ЛIымыщокъуэ Рэмэзан

Щэбэт кIуам Мейкъуапэ щекIуэкIащ Адыгэ Республикэм щылажьэ Адыгэ Хасэм и XIX къэпщытэныгъэ-хэхыныгъэ съездыр. Абы и лэжьыгъэм хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Хьэсанэ Мурат, АР-м и япэ Президент Джарым Аслъэн, АР-м и I этащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къумпылыл Мурат, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, КъБР-м, КъШР-м, Краснодар крайм щыIэ хасэхэм я унафэщIхэу Хьэфыщ1э Мухьэмэд, Аслъэн Алий, КIэкIыхъу Мэжид сымэ, республикэм щызэхэт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, къулыкъущIапIэхэм я лIыкIуэхэр.

АДЫГЭ Республикэм и I этащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Къумпылыл Мурат** жиIащ Хасэм хэтхэмрэ къэрал властымрэ купщIафIэу зэрызэдзлажьэм сэбэпынагъ куэд къызэрыпэкIуар, мыхьэнэшхуэ зиIэ I уэхугъуэ куэд зэрызэфIахар.

«Илъэс куэд хьуауэ Адыгэ Хасэм лэжьыгъэ щхьэпэ зэфIигъэкIыу кьоГуэгурыкIуэ лъэпкъ щэнхабзэр хьумэным, зегъэужьыным, ди хьугъуэфIыгъуэхэр къэгъэщIэрэщIэжьым, ди хэгъуэгум мамырыгъэрэ лъэпкъ зэгурыIуэныгъэрэ илъыным теухуауэ, - къыхигъэщащ Къумпылым.

Адыгэ Хасэм блэкIа пIалъэм кьриубыдэу илэжьахэм нэхъ убгъуауэ тепсэлъыхьащ абы и тхьэмадэ **ЛIымыщокъуэ Рэмэзан**. Къапэщылъ къалэнхэм щыщу тхьэмадэм къыхигъэщащ Сирием къикIыжу хэкум къззыгъэззж ди лъэпкъэгъуэм ядэIэпыкъуныр, адыгэ тхьдэмрэ анэдэлъхубзэмрэ кьыдэкIуэтей щIэблэм егъэджыныр, адыгэ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ я зыужьыныгъэм телэжьэныр.

ХамэщI къыщалъхуа ди къуэшхэр Урысейм «ди лъэпкъэгъуу» къилъытэным теухуауэ псалъэмакъ щхьэхуэ щекIуэкIащ зэIущIэм, абы и хэкIыпIэхэри къагъэлъэгъуащ.

Съездым и лIыкIуэхэм ЛIымыщокъуэ Рэмэзан Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу илъэсищ пIалъэкIэ хахьжащ. Апхуэдэуи Хасащхьэм хэтынухэмрэ Къэзыпщыт Iуэху и гупым и унафэщIымрэ IэIэткIэ ягъэбелджылащ, «Гъуазэ» газетым и редактор нэхъыщхьэри ягъэуващ.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

Япэ урысей генералиссимус Черкасский Михаил *(1645-1721 гъгъ.)* и цIэр къэрал псом щыцIэрыIуэт, ар Пётр Езанэм и дэIэпыкъуэгъу пэжт.

● Аруан щIыналъэ

Iуэхум зеужь

Зэманым къигъэува мардэщIэхэм тету зи лэжьыгъэр къезыхьэлIэхэм ящыщщ гъущIэхэкIэм щелэжь Нартъэ-лэ дэт цекыр.

УХУАКIУЭ I энатIэу (ПМК) щытам и пIэм къиува мы цехым иджыпсту егъэхьэзыр куэбжэхэр, тхыпхъэщIыпхъэхэмкIэ гъэщIэрэщIа гъущI къэухьхэр, уэрамхэр зэрагъэдахэ пкъыгъуэхэр. Цехым щылажьэр щIалэгъуалэ защIэщ икIи я улахуэр ику иту мазэм сом мин 50-м нблагъэ.

Iуэхущ1апIэм и унафэщI Щад Анзор дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, къыщIагъэкI продукцэм, ди республикэм и мызакъуэу, щыналъэ куэдым щIэупщIэ щиIэ хьуащ. Къапщтэмэ, мыбыхэм я IэдакъэщIэкIщ Сочэ и Лазаревскэ районым, тенджызь нэпкъэм пэмыжьжьэу щагъэува къэухьхэр. ЕсэнтIыгу и зыгъэпсэхупIэхэм уэрыдыхьэ куэбжэхэми яхэтщ Нартхъалэ щащIахэр. Къищынэмыщ1ауэ, Шэшэным къикIхэм куэд ящэху.

Дызытехьа илъэсыщIэм Iуэхущ1апIэр ехьулIэныгъэфIэхэмкIэ щогугъ. Мыбыхэм я мурадщ цехым и къудамэхэр «Кавказ» федеральнэ гъуэгу Iуфэм Iус Аруан, Дохъущикъуей къуажэхэм къыщызэIуахыну.

Иджыпсту I уэхущIапIэм I эщIагъэлI Iэзэу 12 иIэщ. Лэжьыгъэр нэхъыбэ щыхъу гъэмахуэ лъэхъэнэм абыхэм я бжыгъэр цIыху 25-м щынэс щыIэщ.

КЪЫЗЭРЫС Борис.

«ТекIуэныгъэм и письмо»

● Гулъытэ

Ди къэралым мы гъэм етIуанэу къыщыззрагъэпэщ «ТекIуэныгъэм и письмо» фIэщыгъэр зиIэ акцэр. Абы и мурад нэхъыщхьэр 1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм фронтым къадIыута я ныбжьэгъуэхэр къагъуэтыжьынымкIэ сэбэп яхуэхъуныр щ, ахэр письмохэмкIэ зэпыщIэныр щ.

АПХУЭДЭ псапащIэ I уэхугъуэ щIышылъэм и 27-м, Ленинград къалэр блокадэм къыщрагъэкIыжа махуэм, къыщызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетми. Абы и жэрдэмщIакIуэ хьуащ КъБР-м и ЩIалэгъуалэ центрымрэ «ТекIуэныгъэм и волонтёрхэр» урысейпсо жылагъуэ зэщIэхъеныгъэм и щIыналъэ къудамэмрэ.

«Урысей Федерацэм и цIыхухэр хэкупсэу гъэсэн» къэрал программмэм ипкъ иткIэ екIуэкI акцэм кьрихьэлIа ди щIалэгъуалэм письмохэр хуатхащ Хэку зауэшхуэм хэта я благъэхэм, Iыхьлыхэм. Абыхэм I эмал яIэщ ветеранхэр видеокIи зэпащIэну.

«ТекIуэныгъэм и волонтёрхэр» урысейпсо жылагъуэ зэщIэхъеныгъэм и щIыналъэ къудамэм и пашэ Къумыкъу Каринэ зэрыжиIамкIэ, а къэралпсо акцэм нэгъабэ хэтащ УФ-м и щIыналъэ псоми щыщу цIыху мин 27-м щIигъу. Мыгъэрей I уэхугъуэм нэхъыбэ къызэщIиубыдэну хуагъэфащэ. Илъэс псокIэ екIуэкIыну акцэм гукъыдэж зыщI псори кьыхьэ хъунущ. Апхуэдэ гулъытэм хэзыкъуащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэри ТекIуэныгъэ Иным зи псэр щIэзытахри.

ГЕЛЯЕВЭ Марзият,
КъБКъУ-м и пресс-I энатIэм и лэжьакIуэ.

Адыгэ эстрадэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Жырыкъ Заур 70

ДифI догъэлъапIэ

Илъэс 13-м иту макъамэ зэхэлъхьэн щIэзыдза Жырыкъ Заур адыгэ эстрадэ уэрэдым и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщу къалъытэ. Ялъ профессиональнэ уэрэдыр абы и ныбжьыр илъэс 15 фIэкIа мыхъуауэ и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Талантыр щыиным деж псынэ уэрым уэздэщи, щы щIагъым хуэмыгъэпщкIуу къыпхеуд.

Къэжэр Пётр и «Уи деж» усэм Жырыкъым макъамэ щыхуитхам щыхухэм тельыджэ ящыхъури, уэрэдым щIэупщIэ ин иIэ хъуат. Ар зэманыщIэм декIу, абы хэпсэукI щыхухэм я гурыгъу-гурыщIэхэр къэзытIэщI хъуат. А щIэупщIэр уэрэдым и мызакъуэу, композитор щIалэми дамэ хуэхъуат. АдэкIэ къыкIэлъыкIуахэми апхуэдэ екъулIэныгъэ ягъэтащ. Пэжщ, музыкэ щIэныгъэ имыIэу къехъулIакъым ахэр Заур. Абы музыкэмкIэ школ-интернатыр къиухащ, иужькIэ музыкэ училищэм, Ленинград дэт консерваторэм Слонимскэ Сергей и классым щеджащ.

Музыкэм и мызакъуэу, литературэм и Iэфlагъри зыхэзыщIэ щIалэм а тIур Iэззэу зэщIилъхьаурэ, зэкIэщIэпчмэ, усэр макъамэзм, макъамэр усэм хуэчэму кьыпщыхъуу. Иджырей уэрэдыжьыкIуэхэм я нэхъыбэм макъамэфIкIэ сыт хуэдэ уэрэдри пхупхыгъэкIыну къалъытэмэ, Жырыкъым и Iуэху еплъыкIэр нэгъуэщIщ. Заур и макъамэри, ар зыхуитха усэри, жызыIэм и макъри къилъытэрти, итIанэт и Iэдакъэщ Iэкlыр щрихьэр. Апхуэдэ «есэп щIыкIэм» ар зэи щигъауэртэкъым. Ар ядэлэжащ уэрэджьыкIэхэр цIэрыIуэхэу Тут Заур, Дзбагъуэ Хьасэн, Кърым Ириней, Зеущ Iэуес сымэ, нэгъуэщIхэми.

ТIуми фIыуэ яльагъу уэрэдращ Тут Зауррэ Жырыкъымрэ зэхуэзышар. Абыхэм дунейм къытрагъэхьа уэрэд куэд («Кавказым и пхъэхуейхэр», «Ладонь для птиц», «Си гъатхэ») Къэбэрдей-Балъкъэрым и музыкэ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэм щыщ хъуащ.

Жырыкъ Заур и зэчий чысэр уэрэд 400-кIэ, романсэмкIэ гъэпшэращ. Апхуэдэщ «Есенин» (псалъэхэр Щоджэнцыкlу Iэдэм ейщ), «Ладонь для птиц», «Сердце на ладони», «Пожелание» (КIыщокъуэ Алим), «ГъащIэ, къызэт гурыфIыгъуэ» (Мэзбащэ Исхьакъ), «Фестиваль» (Гуртуев Сэлихь), «Си гъатхэ», «Къурхэр», «Уи деж» (Къэжэр Пётр) уэрэдхэр. ЕхъулIэныгъэхэр яIащ IутIыж Борис и либреттэм зыкъыригъэкIа «Бунт невесток» комедие-водевильым, «Нанэ къевгъэгъэзэж» мюзиклым, Шэджыхьащ Хьэмыщэ и либреттэм къытригъэкIа «Гум и щхэу» музыкэ комедием, сабийхэм папщIэ макъамэр зи лъабжьэ таурыхъэху «Волчий альчик», «Хьэзырищ», Панин Анатолий и «КIуладу цIыкIу», Супонин Михаил и пьесэм къытрригъэкIа «Хъыбар кусэ», нэгъуэщIхэми. КIэмыругуей Валентин трэка «Уасэшхэу» телефильмым и макъамэр зейр Жырыкъращ. Апхуэдэуи драмэ театрхэми спектакль щагъэувкIэ зыхуеину макъамэхэр абы яхуэтх.

Уэрэдхэмрэ романсхэмрэ щызэхуэхьэсауэ «Уи деж», «Пожелание», «Къыу хужь», «Уэрэд, романс къыхэхаэр», «Ладонь для птиц» тхылъхэр къыдигъэкIащ Жырыкъым. 2012 гъэм, сурэтхэмкIэ екIуу гъэлIэрэщIауэ, сабийхэм папщIэ «Волчий альчик» и тхылъыр дунейм къытехьащ.

Заур и музыкэ комедиехэр илъэс куэд щIауэ театрым щагъэув. Ар либреттэ тхынми хуэхей-къым. Сыт хуэдэ Iуэхуми гумызагъэу, жэуаплныгъэ ин хэлъу бгъэдохьэ. Музыкэ еджапIэ зэмылIужьыгъуэхэм я студентхэм Жырыкъым и Iэдакъэщ Iэкlэхэр ирагъащIэ.

Налшык илъэс къэс къыщызэрагъэпэщу щыта «Кавказым - мамырыгъэ» хэгъуэгу фестивалыр абы и уэрэдт къызэрызэIуахыр. Жырыкъыр икIи зэдзэкIакIуэ Iэззэщ. Абы адыгэбзэм къригъэзэгъащ либреттэ, оперетт зыбжанэ. Къэбэрдейр Урысейм зэрыгъэхэр илъэс 450-рэ щрикъум ирихьэлIэу Бизе Жорж и «Иван IV» оперэр франджыбзэм кърихри урысыбзэкIэ зэридзэкIащ. Абы щыщ Iыхьэ а Iуэхум ехьэлIауэ Москва кьалэ щрагъэкIуэкIа дауэдапщэм къыщеджауэ щыташ.

Жырыкъ Заур УФ-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм 1992 гъэ лъандэрэ хэтщ. КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарщ. 1995 гъэм къыщыщIэдзауэ Музыкэ театрым и литературэ къудамэм и унафэщIщ.

Гъуазджэм хуищIа хэлъхьэныгъэ иныр къалъытэри, 1998 гъэм Жырыкъ Заур «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр къыхуагъэфэщащ.

Иужьрей илъэсхэм Заур и уэрэдхэр нэхъыбэу зыгъэзащIэр и щхьэгъусэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артистка Дау Марианнэщ. Зэщхьэгъусэхэм я хъыджэбз закъуэ Жырыкъ Данэ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ хэрал институтыр къиухащ, композиторщ, сурэт хьэлэмэтыщэхэр ещI.

И уэрэдхэр дунейм къытенэнущ

КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм мы илъэсыр Жырыкъ Заур и махуэмкIэ яхьэзыдэ. Илъэс 70-р мащIэкъым икIи куэдкъым. Абы щыгъуэми, си гъащIэри гуащIэри музыкэм щхьэзыхь хуэзыщIа щIалэм илэжьым хуэфащэ пщIэ игъэту пIэрэ?

Налшык къалэ дэта музыкэ интернатым иджыри сабийуэ щIэтIысхьащ Заур. Музыкэ училищэм макъамэм и зэпкърылъыкIэм щыхуедджащ. Сэри сахэтащ ар езыгъэджахэм. Абы щыгъуэ сэ гу зылъыстар зыщ - Заур къызыхуигъэщIар уэрэдыпкъырщ (макъамэ усынырщ). ЩIалэ дыдэу абы и уэрэдхэр япэу зыгъэIуар иджыпсту Урысей псом и уэрэджьыкIуэ пэрытхэм, нэхъыфIхэм ящыщ Тут Заурщ. Тутыр утыкум къилъадэу дзпъейкIелъыхьэм ящыщкъым, ар профессиональнэ уэрэджьыкIуэщ. Жырыкъым и насып кърихьэкIри а тIур зэхуэзат. «Уи деж» уэрэдыр хэт зэхэзымыхар?!

Заур композитору фIэкI дымыщIыхьуми, абы театрхэм щагъэув спектаклхэм музыкэ гъэщIэгъэнэхэр яхуитхащ. Ар щылажьэ Музыкэ театрым абы и пщIэр къащыгурыIуэу си фIэщ хуэхьурк. Абы хуэдэ композиторщ чэнджэщ зрахьэлIэр. «Псори мэкIуэдри, уэрэдыр къонэ», - щыгъуэ щытащ. Ярэби, иджыпсту жаIэ уэрэдхэм щыщу зыгуэр къэнэну пIэрэ? ФIэщщыгъуэйщ. Уэрэдыр уэрэд зыщIыр уэрэдыпкъырщ. Иджыпсту хьэгъуэлIыгъуэ уэрэдщ зэфэзэщу жаIэр. Абы къеГъэлъагъуэ ди уэрэджьыIакIуэхэмрэ ахуэздзэхэм макъамэ зыхуэзытхэхэмрэ ярикъун щIэныгъэ зэрамыIэр.

Гъуазджэм и цIыхущ Заур. Дызыхэт зэман бзаджэм ижь къыщIихуакъым абы, езым и гъуэгур дахэу, Iуэпщ Iу пхешьж. Жырыкъым сабийхэм папщIэ итх уэрэд къудейхэм сыт я уасэ?! Я гъэпсыкIэкIэ зэмыщхьу циклкIэ зэхэль и уэрэдхэр, романсхэр лъэпкъым дежкIэ фIыгъуэшхуэщ. Нобэми щIэщыгъу гуэр къиплъыхьуэу жэщи махуи фортепьянэм бгъэдэсщ. Заур адыгэбзэ кьабзэ зэрыIурылъым щхьэкIэ пщIэ лей хузощI. Абы усэ гуэрым макъамэ хуитхэн щхьэкIэ кхъузанэм куэдрэ щигъэкIым, иужьгъэм хуейщ, аращ итхыр къыщIехъулIри.

Езым и талантым пумыдзыхыну и хъыджэбзитIми зэфIэкI ин ябгъэдэлъщ. Унагъуэ дахэ иIащ. Абы и щхьэгъусэ Дау Марианнэ сыт и лъэныкъуэкIи щIэгъэкъуэн къыхуохъу, ари ящыщщ лъэпкъ гъуазджэр зыIэтахэм.

Зыми ищIэркъым цIыхум къыпэщылъыр. Ауэ мы гъащIэ жэнэтым Заур и макъамэ дахэр нэхугъэу хилъхьащ. Абы и уэрэдхэр зымыщIыху куэд щыIэу къыщIэкIынкъым. Ар насыпкъэ-тIэ?! Заур и уэрэд куэд дунейм къытенэнущ.

Жырыкъым и къупхъэр дахэщ, абы къиджэлыкI чырбышыр зэтрилъхьэурэ иджыри лъэпкъым уэрэд-уиэ куэд тхуищIыну Тхьэм жиIэ!

ХЬЭIУПЭ Джэбрэил,
УФ-м, Адыгэ Республикэм гъуаздджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, композитор.

Нэхугъэрэ хуабагъэкIэ гъэнщIа

Псом япэрауэ, Заур и махуэмкIэ сехъуэхъуну сыхуейщ. И унагъуэ дахэм и хьэр илъагъуу, абы хуэузыншэу иджыри илъэс куэдкIэ ящхьэщытыну си гуапэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩIэнхабзэмкIэ министерствэм и Художественнэ советым и унафэщIу сыщыщытам, сэрат япэ дыдэу Заур и уэрэдхэр къэзыщтар. ЗанщIэу нэIурыт хъурт абы талант ин зэрыбгъэдэлъыр. Зым и дежкIи щхьэкъым Жырыкъыр эстрадэ музыкэм и лъабжьэр ди республикэм щызыгъэтIылъахэм зэращыщыр. А зэманым эстрадэ музыкэр иджыри ди цIыхухэм ящIэртэкъыми, республикэм щыпсэу композитор нэхъ лъэрызехьэхэми Заур мыхъумыщIэ гуэр ищIэу къызыщыхьу яхэтащ. Аз зэманым къигъэлъэгъуащ, Жырыкъым и зэфIэкI лъагэхэм щIэупщIэ зэраIэр, а жанрым и IэщlагъэлI пэрытхэм зэращыщыр.

Заур и макъамэхэм мэгъу хъару яхэлъым ярейуэ, уэзщIеубыдэри уетхьэкъу. Абы и творчествэр нэхугъэрэ хуабагъэкIэ гъэнщIащ. ДзрэжэгъуэкIэ бей и уэрэдхэм лъэпкъ щхьэхуэныгъэри щигъэхамэкъым, а псомИ Жырыкъым и уэрэдхэр гуимыхуж ящI.

И зэчийр и бынхэм я дежи кIуэжащ. Абы и хъыджэбз нэхъыщIэ Данэ Урысейм и Арткомитетым и лауреат хуащI иджыблагъэ. Дунейпсо утыку ибгъэхьами уатемыуKIытыкъыну уэрэд гъэщIэгъуэнхэр зэхелъхьэ я пщащэм. ТаланткIэ тхъэр зыхуэупса, лъэпкъ щэнхабзэр ипэкIэ зыгъэкIуатэ унагъуэ дахэщ.

СызиунафэщI комитетым Даур Аслъэн и цIэкIэ илъэситI къэс зэ дунейпсо зэпеуэ къызыдогъэпэщри, абы и къэпщытакIуэ гупым илъэс зыбжанэ хуауэ я тхъэмадзр Жырыкъ Заурщ. Композитор ныбжьыщIэхэм ядолажьэ, еунэтI, мастер-классхэр ядрегъэкIуэкI, а цIыкIухэм я уэрэдхэр хэIущIыну щIынымкIэ защIегъэкъуэ. Заур щыIу гъэсащ, акъылыфIэщ, псалъэм ипэ гупсысэр изыгъэщIу, творческэ цIыху куэдым яхьэлъ хьэл мыхъумыщIэхэр и хьэрэмщ. ДяпэкIи ефIэкIуэну сыхуохъуахъуэ!

БЕЙТЫГЪУЭН Iэуес,
Дунейпсо Арткомитетым и вице-президент.

Лъэпкъращ зейри

Сэ спэгъунэгъу цIыхухэм сахуэткIийщ, куэдкIи сащогугъ. Ар зы лъэныкъуэкIи пэжу къыщIэкIынкъым, ауэ нэгъуэщIуи сыпсэуфырыкъым. Абы и IуэхукIэ си насып кьикIауэ солъытэ Заур хуэдэ гъусэ гъащIэм хьэзэрыщIысхуэхъуамкIэ. Ялъ лъэбакъуэ зэрызэдэтчэ сыт хуэдэ Iуэху мыщхьэпэ дыIумыщIами, абы сытемышынеихьу сыбгъурытщ. Ар, псом япэу, абы и къуэпсым, къызыхэкIа лъэпкъым, зыщIапIыкIа хабзэм я фIыгъэу къызолъытэ. Абы и анэм хуэдэр зырызщ. Ар щIэныгъэ зыбгъэдэлъ, акъыл ин зиIэ бзылъхъугъэт. Зауэ зэманым къъухьлъатэ-зеуэу, тIасхъэщIэхыу щытати, гъэру яубыду гъащIэм и дыджагъ куэд зэрызыхищIам емылъытауэ цIыхубзым хэлъын хуей щабагъыр, Iэдэбагъыр ящыхнат. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, гъащIэр фIыуэ ильагъуртти, и къуэми ар хилъхьэн хуэзэфIэкIащ.

Заур хуабжьу цIыхуэгъэ фIыуэ ельагъу, цIыкIуэм яхуэгумащIэщ. Сабий гуп дахьхьамэ, аращ япэу псэпльагъу ящIыр, езыри дэтхэнэми гупльитэ зэрахуищIыным хущIокъу.

Ялъ дыдэу ар щысльэгъуам илъэс 25-м иту аратъэнт. Тут Зауурэ абырэ сыхьэт ныкъуэкIэ Iэгуауэ ин хуаIэту цIыхуэхэм зэрагъэльэпIауэ щытар зэи сигу ихужьыкъым.

Илъэс 32-рэ мэхъу унагъуэу дыззэрытIысыжри щыуагъэншэу жысIэфынущ: абы и бзэм куэд еубыд, Iуитбзитым ирагъэр и хьэрэмщ. ФIыуэ ильагъу цIыхуэ лIэн-къэнэным хуэдэу, нэхъуеиншэу ельагъу. Ар цIыхуэм и щыуагъэр хуэзыгъэгъуфщ, дыджыр езыгъэхьфщ. Литературэри, гъуазджэри, щэнхабзэри зэхуэдэу фIыуэ ельагъу. Абыхэм кууэ зэрыхищIыкIыр арагъэнщ апхуэдизу щIэгумызагъэр, и Iэдакъэщ Iэкlэхэр купщIабэ зыщIыр. И хьэтI ивэжщ, дэни къыщыпхуэцIыхуужь. Заур цIыху тыншщ удэгъэгурыкIуэну, ауэ мызакъэм хьумыщIыкIыу абы Iуэху дэпщIэну убгъэдыжьэнкIи фIэкIагъэ дыдэщ.

И хъыджэбзитIым я адэр я щапхъэщ. Музыкэм и Iуэхукlэ Заур зэи ахэр хигъэзыхьакъым, езыхэм я фIэфIынигъэкIэ къыхахауэ аращ армыхьумэ.

Дызэрызэдапсэуа пIалъэр зы махуэм хуэдэу блэлъэтащ. ГъащIэм тIури гъуэрыгъуэурэ щытыкIэ гугъум дыщригъэувэ къэхъуати, зызэщIэдгъэкуэжу фIэкIа къикIуэтыжа къыгъэкIакъым. Ауэ пщIыр сытIэ щхьэпэ, Заур лъэпкъращ зейри зыхуэлажьэри.

ДАУ Марианнэ,
Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артистка.

Хужьаахэр

Жырыкъ Заур и Iэдакъэщ Iэкlэхэр Урысейм и мызакъуэу, Европэм щынэхъыфIэхэм ящыщщ.

КАЗЕНИН Владислав,
Урысейм и цIыхубэ артист, УФ-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ.

* * *

Жырыкъыр си дежкIэ творческэ бгъэдыхьэкIэ щIэщыгъуэ зиIэ цIыхущ, си насыпщ ар къыззрыс-цIыхуамкIэ.

ФРЕНКЕЛЬ Ян,
СССР-м и цIыхубэ артист, композитор.

* * *

«Урысей Федерацэм и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм икIэщIыпIэкIэ ухьхьэну си гуапэщ», - къыжриIауэ щытащ абы Урысейм и цIыхубэ артист, композитор цIэрыIуэ **Агафонников Владислав** Урысейм и композиторхэм я съездым Жырыкъым и уэрэдхэр щызэхиха иужь.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар **ЩОМАХУЭ Залинэщ.**

Сыт щыгъуи стхар си гум къеныкъуэкъурщ, къишхыдыкIырщ

«Сыкъызэралъхурэ зэхызох»

- Си анэращ адыгэ бзылъхугъэхэм ящыщу етIуанэу къхуэльъатэзехуэ хъуауэ щытар. Абы аэроклуб къиухат. Зауэм хэту гъэр хъуа нэужь, и хъыбарри щIауфэмэ нэхъ къащтащ. ЩIэныгъэ зиIэхэм ящыщти, сэри зэманым сыдекIуу сыкъызэрыхъуным и къару хилъхьащ. Си анэр слэIэщIэху си анэшхуэращ сызыпIар. Самыгъуэтыжмэ, къуажэ клубрат сыкъыщалъыхъуэжыр, кином емыплъахэм ар щахуэсIуэтэжкIэ, абы хэт уэрэдри яжесIэрт. А зэманым Индием я кино куэд дыдэ къагъэлъагъуэу щытащ, зэрытщIэщи, ахэр уэрэдкIэ гъэнщIащ. Ахэр сфIэфIу ззэгъащIэрт. Къуажэм дэс ныбжьыщIэхэр къызэлъэIуурэ уэрэд жызагъэIэрт.

ЦIыхум Iэщlагъэ, ерыскъы хуэхъунур и натIэм иту къалъхур пэжу къыщIэкIынущ. Армыхъумэ, музыкэр уеблэмэ ятхыуи сщIэххакъым сэ, апхуэдизкIэ сыпэIэщIэти. Школым сыщыщIэтIысхьаращ усэ зэдгъащIэхэри цIыхухэм зэратхар къыщыгъуэрыIуар. Сэри а зэманым усэ гуэрхэр стхыну яужь ситт. Си анэр цIыху губзыгъэт, кьыхсхьынкIамэ зыгуэр къыхсищIыкIыну IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ сиунэтIащ, пхъащIэ Iэмэпсымэ нэгъунэ къыхсхуищэхуурэ къыздэлажьащ. Ауэ къздрэ семыпIалIэу Iэщlыб сщIыжащ. Езыр балалайкэ, мандолинэ, гитарэ еуэрт, ахэр ди унэ щIэльти, абыхэм зыгуэрхэр къызгъэкIыну сакъыкIэрымыкIыу сызэрыкIэрысыр гу лъитэри, зыщыгъуэзэм нэс сэри сигъэщIащ.

Псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэныр илъэсипщI ныбжьым ситу музыкэ интернатым сызэрыщIэтIысхьарщ. Кьалэ школым сыщрагъэджэн щхьэкIэ, Налшык, си анэшхуэм и ныбжьэгъум дежи дыщыIэну дыкъэкIуат си анэмрэ сэрэ. Си анэр юристу лэжьыну хуеит, прокуратурэм цIыхугъэ гуэр щIэти, абы елъэIун мурадкIэ къраугъэблагъри, Iэни къыхуащтауэ зэхэсу лIыр гитарэ еуэри, къызэригъэтIылъэкIащ. Сэ ар сласщтэри, зыгуэрхэр къизгъэкIыу щIэздзащ. ЛIы хьэщIэм зыкъригъэззэкIри: «Гитарэ уеуэрэ?» - жиIэри къызэупщIати. «Соуэ мащIэу», - естыжащ жэуап. «ИIэт-тIэ, сегъэплъыт пхузэфIэкIым», - щыжиIэм, зэрыщ зытIуц яжесIащ. «Уей, лэжьапIэ сымыщIэ, ауэ мы щIалэм еджапIэ къыхуэзгъуэта си гугъэм», - жиIащ абы. Апхуэдэ щыкIэкIэ си насып кърихьэкIри, музыкэ интернатым сыщIэтIысхьауэ щытащ.

Илъэс зыбжанэкIэ абы сыщеджа иужькIэ, музыкэ эзратхьи и Iэмалхэр къэсщIащ. Абдежым сытегушхуэри, си япэ макъамэр стхащ. Илъэс зыкъомри дэкIыжауэ, культпросветучилищэм аккомпаниатору щIэ хъыджэбз щыкIур а макъамэм еуэу щызэхэсхьм, си гуапэ хъури, ар къыщигъуэтамкIэ сеупщIащ. «Уарэ, умыщIэу ара, мыр щIыхубэ уэрэдщ, сыкъызэралъхурэ зэхызох», - жиIащ абы. КъызэрыщIэкIымкIэ, хъыджэбзыр къамылъхуу щыкIэ стхат а уэрэдыр. Iуэхур зэрыхъуарат, музыкэ училищэм щеджэхэр къуажэкIэрэ хъыхашырт. Си япэ дыдэ макъамэр тыншу тхат, абы къыхэкIыу псынщIэу къаубыдыурэ псори еуэрт. Къуажэм кIуэжа иужькIэ ара къыщIэкIынт композитор ныбжьыщIэхэр зэуэри, Тхьэм ещIэ, апхуэдэурэ хIуущIыу хъуагъэнт, армыхьумэ цIыхубэ уэрэд хъуфын хуэдэу музыкэ бэлыхь стхауэ аратэкъым а зэманым.

«Уи уэрэдыр жаIэнущ»

- Усэ тетрадь зыбжанэ стхауэ сиIащ сэ. МузыкэмкIэ щызынэтIым, макъамэ тхыным нэхъ сыдихьэхыжащ. Макъамэ япэ дыдэу кьыщIэгъащIам си егъэджакIуэ Балэ Мухьэдин сыбгъэдихьэри егъэлъэгъуати, си щхьэм къытелъэщIыхьри: «Хьунущ, лажьэ, тхэ. Иджыри зыгуэр пIтхьимэ, сыгъэлъагъу», - къызжиIауэ щытащ. А зэманым республикэм и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм ныбжьыщIэхэр нотэ тхыкIэ щрагъасэ семинархэр иригъэкIуэкIырти, абы сыщыкIуу срагъэблагъэри, Балэм и классым сыщеджащ, макъамэ тхыкIэ сезыгъэсари аращ. Си япэ профессиональнэ уэрэдыр Балэм и деж илъэс 15-м ситу щыстхауэ щытащ. «Уи уэрэдыр жаIэнущ», - къызжиIат, ар Мухьэдин щегъэлъэгъуэм.

ТIум хуэдэуи

- Усэм макъамэ, макъамэм усэ щыхуэстхи щыIэщ. Музыкэм и закъуэуи, усэм макъамэ щIэлъуи къыщыкIуэ щыIэщ, ар зэхэпхыфмэ, уи насыпщ. Сэ нэхъ хэIэтыкIауэ и гугъу щIыну сыхуейщ усакIуэ Къэжэр Пётр. Макъамэ стха иужькIэ Пётр хуэсхьырти, сыхуеуэрт. Абы езым макъамэм хуэкIуэн усэ къыгъэщIауэ щытащ. Апхуэдэу уэрэдищым нэблагъэ зэдэттхащ.

Усэ тхылъ сыщеджэкIэ, а сыхьэтым сиIэ щытыкIэм, гукъыдэжым елъытащ абы къыхэсхыну. Зы уси си гум къыдэмыхьэу тхылъыр зззгъэтIылъэкIыжу етIуанэ къъщтэгъуэм уэрэд гъуэзэджэ хъуным си нэр щыхуэзэ щыIэщ.

Насып зиIэ щыIэщ

- КъызэхъулIарэ къызэмыхъулIарэщ си уэрэдхэр зэрызэхэзгъэкIыр. Лэжьэн зэрыщIэзэдзэрэ стхыр нэхъыфI зэрыхъуным согугъу. «Стхащ» жысIэн щхьэкIэ, уэрэд нэмыщIыса утыку къыхсхуихьэнукъым. Мыхъуауэ къыхсщыхъу макъамэхэр пIалъэкIэ зызогъэтIылъэкIри, зэм-зэм абы нэгъэщI бгъэдыхьэкIэ сигу къыхэкIри, сотх. ИтIанэ, насып зиIэ уэрэди зимыIэ щыIэщ. Насып зиIэр уэрэджьыIакIуэ нэс, ар зыхэзыщIыкIын Iэрохьэри, уэрэдыр гугъэзагъэу егъэзащIэ. Мис апхуэдэ уэрэдым и кIэныр къикIащ. НэхъыфI дыдэу уиIэу къэпльытэ уэрэдыр жызыIэм пхуэзIэгъэхьэкIи хъунущ. Уэрэдыр жызыIэми куэд дыдэ елъытащ.

Иджырей ди эстрадэр

Иджыкlэ эстрадэ диIэу сохуэIынукъым. Мы зэманкIэ макъамэ тпхыныр тынш хъуащ, Интернетым пычыгъэу кьрахьуэрэ зэпагъэувэри, и нэхъыбэм абыкIэ зэфIагъэкI. Макъамэ, уэрэд, уэз нэс зытхым и Iуэху тыншкъым. Гум кьиIуэкIа макъамэмрэ адрейм рэ зэи зэхэгъэщхьэкIыну. Уэрэдым мыкъэна, купщIэ иIэн зэрыхуейр щыщагъэгъупщэ хъунукъым тхэн мурад зиIэхэм. Усэ зытхын хуейр усакIуэщ, макъамэр - композиторыщ, уэрэдыр жсэр макъ зиIэрыщ. ЩIэхъэ и Iуэху ищIэжмащ лэжьыгъэм гъащIэ щиIэнур.

Гум къиIукI макъамэ

- Классикэр зэман псоми къоззгъ. Уи Iэдакъэ хъыщIэкI дэтхэнэри апхуэдэу зэрыптхыным ухущIэкъун хуейщ. Ар сэ згъэунэхуа Iуэхущ. Илъэс 30 и пэкIэ колхоз Iуэхум теухуа комедие стхыри, Музыкэ театрым ягъэувауэ щытащ. Зэман дэкIри, си IэдакъэщIэкIым сытеуIытхыныж хъуат. Музыкэр кьэнащ, ауэ темэ кьыхэхыкIэ сщIатэкъым абы щыгъуэ.

IутIыж Борис и «Гуащэмыдэ хьэблэ» комедие-водевилыр дгъэувауэ щытащ. Республикэр къызэхткIухьауэ щытащ ар дгъэльъагъуэу, цIыхухэми ефIэфIу къакIуэрт. Жьэмыгъуэ сондзджэрт, иджы апхуэдэхэр пщIэ зыхуащI цIыху хуащи, тхыгъэри къеззгъыжьыркъым. Абы щыгъуэ Жьэмыгъуэ зыщыдыхьэшхым хуэдэмэ, иджы щхьэщэ зыхуащI хуащ *(мэдыкьэшх).* Ауэ, пщIыр сыткIэ щхьэпэ, сэ сыт щыгъуи стхар си гум къеныкъуэкъурщ, къишхыдыкIырщ.

Иджыкlэ «Летучая мышь» тхыгъэм хэт музыкэм и псалъэхэр адыгэбзэм къызогъэзагъэ. Ар театрым щагъэувыну фIэщщIыгъуейщ, абы текIуэдэну мылькур къыхэхьэжьнум нэхърэ нэхъыбэщи. Европэм щатха либреттэхэр ди бзэм къызэрыпхуигъэзагъэр, абы щIэлъ щIагъэбзэ дахэр ди цIыхухэм я дежкIи нэсхьэсыну сыщIэхъуапсу ззэдзэкIыу аращ а тхыгъэхэр. Хэт ищIэрэ, ахэр щагъэувыни зэман къэхъункIи хъунущ...

Си гъащIэ псом злажьамкIэ зыгуэрым фIы хуэсщIэфамэ, сэбэп сыхуэхъуамэ, си гуапэщ. СымэжэлIакъым, си Iэр шияуэ сыдэтакъым, щхьэхуиту сыпсэуащ, «умытхэ» жиIэу зыри кьыспэщIэувакъым, абы нэхърэ нэхъ насыпышхуэ щыIэкъым.

«Си насыпщи, си унагъуэр сиIэщ»

- Гукъыдэж, гушхуэныгъэ, гурыфIыгъуэ, къару кьыззэытыр си унагъэращ. Си насыпщи, ар сиIэщ. Си хъыджэбзитIми музыкэ Iэщlагъэ яIэщ. Нэхъыжьыр - Къул Ланэ - Iуэху гъэщIэгъуэн куэдым зрепщыт икIи кьохъулIэ. НэхъыщIэ Дани и зэфIэкIкIэ зыкъыгъэтIылъэхуну и гугъэхъыем, куэдым хуэIэкIуэлъакIуэщ.

Апхуэдэуи драмэ театрхэми спектакль щагъэувкIэ зыхуеину макъамэхэр абы яхуэтх.

Уэрэдхэмрэ романсхэмрэ щызэхуэхьэсауэ «Уи деж», «Пожелание», «Къыу хужь», «Уэрэд, романс къыхэхаэр», «Ладонь для птиц» тхылъхэр къыдигъэкIащ Жырыкъым. 2012 гъэм, сурэтхэмкIэ екIуу гъэлIэрэщIауэ, сабийхэм папщIэ «Волчий альчик» и тхылъыр дунейм къытехьащ.

Заур и музыкэ комедиехэр илъэс куэд щIауэ театрым щагъэув. Ар либреттэ тхынми хуэхей-къым. Сыт хуэдэ Iуэхуми гумызагъэу, жэуаплныгъэ ин хэлъу бгъэдохьэ. Музыкэ еджапIэ зэмылIужьыгъуэхэм я студентхэм Жырыкъым и Iэдакъэщ Iэкlэхэр ирагъащIэ.

Налшык илъэс къэс къыщызэрагъэпэщу щыта «Кавказым - мамырыгъэ» хэгъуэгу фестивалыр абы и уэрэдт къызэрызэIуахыр. Жырыкъыр икIи зэдзэкIакIуэ Iэззэщ. Абы адыгэбзэм къригъэзэгъащ либреттэ, оперетт зыбжанэ. Къэбэрдейр Урысейм зэрыгъэхэр илъэс 450-рэ щрикъум ирихьэлIэу Бизе Жорж и «Иван IV» оперэр франджыбзэм кърихри урысыбзэкIэ зэридзэкIащ. Абы щыщ Iыхьэ а Iуэхум ехьэлIауэ Москва кьалэ щрагъэкIуэкIа дауэдапщэм къыщеджауэ щыташ.

Жырыкъ Заур УФ-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм 1992 гъэ лъандэрэ хэтщ. КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарщ. 1995 гъэм къыщыщIэдзауэ Музыкэ театрым и литературэ къудамэм и унафэщIщ.

Гъуазджэм хуищIа хэлъхьэныгъэ иныр къалъытэри, 1998 гъэм Жырыкъ Заур «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр къыхуагъэфэщащ.

Иужьрей илъэсхэм Заур и уэрэдхэр нэхъыбэу зыгъэзащIэр и щхьэгъусэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артистка Дау Марианнэщ. Зэщхьэгъусэхэм я хъыджэбз закъуэ Жырыкъ Данэ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ хэрал институтыр къиухащ, композиторщ, сурэт хьэлэмэтыщэхэр ещI.



Тут Зауррэ Жырыкъ Зауррэ. *2017 гъэ*



Зауррэ ипхъуэмрэ. *2016 гъэ*



Адыгэ композиторхэр гъуэгу тохьэ. Сурэтым щыволъагъу *(ижьымкIэ къыщыщIэдзауэ)* **Къардэн Хьасэн, ХьэIупэ Джэбрэил, Жырыкъ Заур, Къэзан Аслъэнджэрий сымэ.** *1995 гъэ*

Уи насып хэлъмэ...

● ДифI догъэлъапIэ

Шумахуэ Хьэзрэ1ил и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу

Къуэдзокъуэ Хьэсэн и «Уэрэ сэрэ» лъагъуныгъэ уэрэдыр илъэс кӀуэд щIауэ зыгъэзащIэ Шумахуэ Хьэзрэ1ил а зым фIэкIа жимыIами ирикъунт бэм къращIыхуну.

КъШР-м и цIыхубэ артист, Къэрэшей-Шэрджэс, Абхъаз республикэхэм щIыхь зиIэ я артист Шумахуэ Хьэзрэ1ил Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм хьихьэ Абатэ хьэблэм (Эрсакон) 1942 гъэм къыщалъхуащ. Нобэ уэрэдыр зи гъащIэ артистым и зэфIэкI лъагэкIэр пасэу наIуэ ихэхуащ.

- ЯпI классым сыщыкIуам си анэшхуэм хъыдан портфель схуидауэ сиIэти, школым сыкъыщикIыжкIэ ар згъэкIэрахъуэурэ инджийкэ уэрэд жысIэн щIэздзэрт, - кьыддогушэ ар. - Куэбжэпэм сыкъызэрысыжу, си анэшхуэм сыщыщынэрти, ар щымытмэ, портфельыр хадапхэмкIэ издзэжырт, ди унэ щыбагъым дэт жыгышхуэм сыдэпщейрти, уэрэд кьисшу сытест, хьэблэр кьызэхуэсурэ Iэгу схуеуэрт. Апхуэдэурэ уэрэдым лъагъуныгъэ хуэсщIащ. СощIэж, иджыри сыщIыкIуу, Ало ЛутIэ уэрэд жиIэну ди кьуэжам неблэгъати, щIидзэным иджыри сыхьэтитI иIэу сыкIуэри, клуб бжэлупэм сыIутат. Апхуэдэурэ еханэ-ебланэ классхэм сынэса иужь, нэхъ балигъ уэрэдхэр жысIэн щIэздзащ. Си кьуэш нэхъыжьым и ныбжьыгъуэхэр кьызэхуэсурэ уэрэд жызагъэIэну сыщыхъэгъэзыкIэ, сыкуIытIапли, нэгъуэщI пэшым сыкIуэурэ ину кьисшырт. А илъэсхэм кьызгурыIуащ ар Iэщагъэ зэрысхуэхъунри. Апхуэдэурэ Черкесск кьалэ уэрэд жыIэнымкIэ щекIуэкIа зэпеуэм япэ увыпIэр кьыщысхьащ, итIанэ Ставрополь щыщэхэта зэхьэзэхуэм сыкъыщыхъжанымкIащ, кьыкIэлъыкIуэу Дон Iус Ростов...

И насып кьрихьэкIри, Москва кьалэ Гнесинхэм я цIэкIэ дэт училищэм уэрэд жыIэнымкIэ кьудамэм щеджэну 1965 гъэм ягъэкIуа гупым хэхуащ Шумахуэр.

- Ди гупыр макъамэ комедиерат дызыхуагъэджэну дагъэкIуар. Езы училищэм ди макъым щедзIуа иужь, сэ оперэр кьыскуагъэфэщауэ щытащ. Дыкьыхэзыхахэм тхыгъэ кIэщI схуатхри, Театр Иным и уэрэджыIакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист Иванов Андрей хузагъэхьауэ щытащ.

- «Сэ хъэсщэн цIыху бжыгъэр иригъэущ», - кьызжиIащ Ивановым си тхьылымпIэр щыIэщIэслъхъэм. «Ауэ щыхъукIи, кьызздаIуэ», - селъэIуащ абы. «Сыт сынодалуэкIи, уэрэд жыIэнымкIэ кьудамэм укъыщагъэкIуакIэ макъ узэриIэр гуры Iуэгъуэкъэ?!», - жеIэ егъэджакIуэ Іэзэм. «ИтIанэми, укъызэдэIуамэ, сигу нэхъ зэгъэнут», - жызоIэ сэри сыкъыимыкIуэту.

Фортепьянэм бгъэдэс бзылъхугъэм унафэ хуищIри, уэрэдым и зы едзыгъуэ жысIауэ сыкъигъэувыIэри, и студентхэм дакьикъэ тхурытху кьыскудигъахуэу кьызздэлэжьну сыкьигъэгугъащ. Ар насыпышхуэт си дежкIэ. ИужькIэ, «Сынок, какой у тебя голос», - жиIэурэ кьысщыстхъурт ар. Сэри си хьуэпсапIэр кьызэхъулIати, кьикIуат сымыщIэу седжэрт, уеблэмэ «тху» кьудей зэи схуагъэувакъым, плюсыр пымыту. ЯпI курсым и кIэхэм дынэсауэ егъэджакIуэхэм я псалъэмакъ, сезыгъаджэ Ивановым нэгъуэщI зыгуэрым жриIэу, ди гупым хэт Сибэч Хьэчим зэхех: «Шумахуэм макъ лъэщ иIэщ, Театр Иным къащтэну сыхуепсэлъэнущ абы».

Хьэчим къэгуфIэри, хъыбарыр кьысхуиIутащ. Ар уи гуапэ мыхъуу кьэнэнт?! Дауи, сыщыгуфIыкIащ сэ а Іэхум. АрщхьэкIэ, си егъэджакIуэр абы яужь кудэ дэмыкIыу дунейм ехыжри, си Іуэхур кьызэпыуда хъуащ. ГъащIэм и сыт хуэдэ Іэнатіэми уи насып хэлъмэ - къоучIэ, хэмыльмэ - сыт хуэдиз кьару епхъэлIами, пхуещIэIакъым.

Шумахуэр яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Музыкэ театрыр кьызэгъэпэщыным зи гуащIэ хэзыльхьахэм. «Севастопольский вальс», «Летучая мышь», «Чёрный дракон», нэгъуэщI оперетте зыбжанэ театрым щызыгъэувахэм ящыщщ ар. И зэфIэкI жигъэхъуэн гуращэкIэ 1971-м ГИТИС-м заочнуэ щIэтIысхьэри, театрымрэ киномрэ я актёр Іэщ Іагъэр зригъэгъэтащ. ИужькIи кьыхуэсэбэпыжащ, «Звёздный инспектор», «Война и мир», нэгъуэщI фильмхэми щыджэгуащ, ауэ уэрэд жыIэныр зи псэм хэпь Шумахуэм ар Іэщ Іыб хуэщIакъым. Музыкэ театрым щылажьэу «Голос России» (1976 гъэм) зэпеуэр кьыкIалхъати, КьБР-м кьыбгъэдэкIыу абы ягъэкIуа Хьэзрэ1ил япэ увыпIэр кьыхуагъэфэщауэ щытащ. Уэрэд щхьэхуэхэр иригъэтх, щхьэзакъуэ концертхэр тын щыщIидзар пенсэм кIуэуэ нэхъ щхьэхуит кьэхъужа иужькIэщ.

Гъэ кIуам Къэрэшей-Шэрджэсым концерт ин щитыну зигъэхьэзырыр, жьапщэшхуэ къэхъуам и зэранкIэ ягъэIэпхъуэн хуей хъуащ. Абы кьыкIэлъыкIуэу ди республикэм щыпсэуэхэри и концертKэ игъэгуфIэн мурад иIэщ Хьэзрэ1ил.

Шумахуэм жеIэ уэрэдым кьрит гупсэхуэгъуэм хуэдэ театрми фильмхэми зэрыщIимыгъэтыр.

- Сыт хуэдэ талантри кьуэпсыбэщ. Псалъэм папщIэ, Темыркъан Юрий дирижёр Іэзэщ, сурэти дахэу ещI. Сэ артисту седжащ, апхуэдэ Іэзагъи сиIэу жаIэ, ауэ си зэфIэкI нэхъыщхьэу слъытэр уэрэд жыIэнырщ, - жеIэ абы.

Зи репертуарым уэрэд щитIым щIигъу хэт Шумахуэм и цIэр жыжьэ зыгъэIуа, цIыхухэм зэIэпахыу жаIэ уэрэдхэри мыдрейкэри хэдэнщэу фIыуэ елъагъу. Апхуэдэхэщ «Уэрэ сэрэ», «Сынокъэ», «Зи щхьэцыщхуэр ухуэна», «ЩIымахуэ роза», «Къруухэр», «Хьэжкурий», нэгъуэщIхэри. Хьэзрэ1ил усэ тхыныи деихьэ, ауэ ахэр зэкIэ утыку кьрихьэну тегушхуэркъым.

Уэрэдыр абы кьыщIыхихам и щхьэусыгъуэри гъэщIэгъуэнщ езым кьиIуэтэжу уедэIуэну.

- Музыкэ театрыр кьыщыззэIуахам, «Мадинэ» оперэр дгъэувати, ар ди республикэм и щIынадгъэхэм тшэурэ дгъэлъагъуэрт. Апхуэдэу чэзур Тэрч щыналъэм лъысащ. Пэшым цIыхур щIэзу кьеIуэлIат. Оперэр кьыззэрыщIэддзэрэ куэд дэмыкIыуэ зы лIышхуэ къэтэджри: «Уэрэдкэ зы фIыщIызэпсалъэр?» - жиIащ. Оперэр зыгъэува Ерчэн Леонид къэпсалъэри: «Ей, щIалэ, тIыси едаIуэ, мыр оперэщи аращ», - иритыжащ жэуап. «Сэ адыгэ уэрэд жыфIэн си гугъащ. Уей, сыхуэмей-тIэ сэ абы», - жиIэри щIэкIыжащ лIыр. Абы нэгъуэщI зы гупи иужь иуващ. ОперэкIэ лъэпкъыр кьызэрыпхуэмыгъэзушынур кьызгурыIуэу, уэрэд жыIэным зеспщытыну сыщытегушхуар абдежщ. ИкIи сыхущIегъуэжакъым. Нобэр кьыздэсри сэ сыкьызэрацIыхур щхьэзакъуэ уэрэд жысIэущ. Оперэм сызэрыхэтар зыщIэр мащIэ дыдэщ, - жеIэ ХьэзрэIил.

Шумахуэр и щхьэм и мызакъуэу, адрей уэрэджыIакIуэхэми яхуэткIийщ. Абы и дежкIэ мыхьэнэ зиIэр уэрэджыIакIуэхэм яIэ щIэ Іапэ Іэзэракъым, атIэ я макъыпщ. Езыр зыщIапIыкIа музыкэ гъэсэныгъэ ткIийм, кьэралым щыщIэрыIуэ уэрэджыIакIуэхэм кьыбгъэдалъхьа щIэныгъэ иным абы иджыпсту утыку итхэм я ныкъусаныгъэхэм я гугъу ящIыну Іэмал кьрет.

- Совет зэманым Іуэхум фIыуэ хэзыщIыкI цIыху 12-м щIигъу зыхэт къэпщытакIуэ гупыр набдзэгубдзапIъэу хэмыплъауэ зы уэрэди утыку кьитхьэну дыхуиттэкъым. Псалъэхэр зэрагъэзэхуэж дэнэ кьэна, нагъыщэхэм нэгъуэ мыхьэнэщхуэ иратырт, «кхъуэанэ зэвым» щIагъэкIырт уэрэдхэр. Иджы-щэ? Хэт мыщхьэхми уэрэд жеIэ. «9 волна» каналым уигурэ уи щхьэрэ зэрегъэбгъэж. Щэнхабзэр апхуэдэу джэгупIэ пщIы хъунукъым. Напэ кьабзэ, теплъэ екIу яIэу утыкум кьрашэ куэдым вокалыр «яшхми ирафми» ящIэркъым. ЩIалэ, хъыджэбз екIуэхэр дыззэриIэр хъарзынэщ, ауэ пэлъэкIь макъамэм и пщIэр хэутэн едгъэщIын щIыхьэри сыт? Апхуэдэу тыншу цIыхур уэрэджыIакIуэ хъууэ щытамэ, консерваторэхэр кьызэIуахынтэкъым, абы цIыхухэм я зэмани я ахъши трагъэкIуадэу щеджэнтэкъым. Сэ илъэс 76-нэм ситщи, нобэр кьыздэсым соджэ, сымыщIэм зыхуэгъасэ. Пэжщ, а уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэм макъ зиIэ куэд яхэтщ, ауэ ахэр егъэджэн, гъэгу захуэм тегъэувэн хуейщ. Апхуэдэущ пэлъэкъыр зэрытхуегъэфIэкIуэнур. ЖызыIэ щIыпэ адыгэр дыкIуэдыжу. Пэжкъым ар. Олимпиадэм макIуэри, ди щIалэхэм япэ увыпIэр кьахь. НэгъуэщI дунейпсо тIыкIэхэм адыгэу итыр мащIэ?! УнэтIныгъэ куэдымкIэ зэфIэкI лъагэхэр кьэзыгъэлъагъуэ лъэпкъщ адыгэхэр. Хъупсиокъуэ Назир, Кьалмыкъ Юрий, Темыркъан Юрий, Тут Заур, щIэныгъэлI Кьумахуэ Мухьэдин сымэ хуэдэ зиIэр мащIэщ, ар зэи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым.

Шумахуэ Хьэзрэ1ил кьуэшитIэ щыпхъэущрэ иIэщ. КьыхэгъэщIпхъэщ зэкъэушхэр Іэнатіэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьызэрыщыхэжаныкIар. Кьапщтэмэ, Заур КьБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэщ. А Іэнатіэм зегъэужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр, «За доблестный труд» медалыр кьыхуагъэфэщащ. Владимир УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, КьБР-м гъэзаджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, республикэм щыIэ Гуащэ театрым и унафэщIщ. Абыхэм я адэ Шумахуэ Сэлмэн парт, кьэрал лэжьакIуэу, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату, Шэрджэс обласполкомым и унафэщIу щытащ. 1942 гъэм Хэку зауэшхуэм хэкIуэдащ.

Шумахуэ Хьэзрэ1илрэ и щхьэгъусэ По Барэрэ хъыджэбзищрэ зы щIалэрэ зэдагъэуэтащ. Иджыблагъэ Хьэзрэ1ил и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуащ, и бын дахэм я хэр илъагъуу, гуфIэгъуэ уэрэдкIэ и гъащIэр гъэнщIауэ иджыри куэдрэ и унагъуэм, лъэпкъым хуэузыншэну дыхуохъуахъуэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Виско Владимир Владимир и къуэр

2017 гъэм щIышылэм и 27-м дунейм ехыжащ «Тэрч къэзакъэр» Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал Іуэрыlуатэ ансамблым и лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Виско Владимир Владимир и къуэр .

Виско Владимир и ІэщIагъэм хуэIэзэт, Тэрч къэзакъэм я цIыхубэ творчествэм кууэ хищIыкIырт, оценэм зэфIэкIышхуэ щIигъэлъагъуэрт. Ар жьыджэру елэжьырт Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къафэмкIэ и гъуэзджэр хэIуцIыIу щIыным.

Виско Владимир илъэс 20-м щIигъуэкIа «Тэрч къэзакъэр» ансамблым и уэрэджыIакIуэ пэрыту щытащ. Ар республикэ, урысейпсо зэпеуэ, фестивальхэм хэмыплъауэ зы уэрэди утыку кьитхьэну дыхуиттэкъым. Псалъэхэр зэрагъэзэхуэж дэнэ кьэна, нагъыщэхэм нэгъуэ мыхьэнэщхуэ ираты рт, «кхъуэанэ зэвым» щIагъэкIырт уэрэдхэр. Иджы-щэ? Хэт мыщхьэхми уэрэд жеIэ. «9 волна» каналым уигурэ уи щхьэрэ зэрегъэбгъэж. Щэнхабзэр апхуэдэу джэгупIэ пщIы хъунукъым. Напэ кьабзэ, теплъэ екIу яIэу утыкум кьрашэ куэдым вокалыр «яшхми ирафми» ящIэркъым. ЩIалэ, хъыджэбз екIуэхэр дыззэриIэр хъарзынэщ, ауэ пэлъэкIь макъамэм и пщIэр хэутэн едгъэщIын щIыхьэри сыт? Апхуэдэу тыншу цIыхур уэрэджыIакIуэ хъууэ щытамэ, консерваторэхэр кьызэIуахынтэкъым, абы цIыхухэм я зэмани я ахъши трагъэкIуадэу щеджэнтэкъым. Сэ илъэс 76-нэм ситщи, нобэр кьыздэсым соджэ, сымыщIэм зыхуэгъасэ. Пэжщ, а уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэм макъ зиIэ куэд яхэтщ, ауэ ахэр егъэджэн, гъэгу захуэм тегъэувэн хуейщ. Апхуэдэущ пэлъэкъыр зэрытхуегъэфIэкIуэнур. Жызыlэ щIыпэ адыгэр дыкIуэдыжу. Пэжкъым ар. Олимпиадэм макIуэри, ди щIалэхэм япэ увыпIэр кьахь. НэгъуэщI дунейпсо тIыкIэхэм адыгэу итыр мащIэ?! УнэтIныгъэ куэдымкIэ зэфIэкI лъагэхэр кьэзыгъэлъагъуэ лъэпкъщ адыгэхэр. Хъупсиокъуэ Назир, Кьалмыкъ Юрий, Темыркъан Юрий, Тут Заур, щIэныгъэлI Кьумахуэ Мухьэдин сымэ хуэдэ зиIэр мащIэщ, ар зэи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым.

Шумахуэ Хьэзрэ1ил кьуэшитIэ щыпхъэущрэ иIэщ. КьыхэгъэщIпхъэщ зэкъэушхэр Іэнатіэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьызэрыщыхэжаныкIар. Кьапщтэмэ, Заур КьБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэщ. А Іэнатіэм зегъэужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр, «За доблестный труд» медалыр кьыхуагъэфэщащ. Владимир УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, КъБР-м гъэзаджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, республикэм щыIэ Гуащэ театрым и унафэщIщ. Абыхэм я адэ Шумахуэ Сэлмэн парт, кьэрал лэжьакIуэу, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату, Шэрджэс обласполкомым и унафэщIу щытащ. 1942 гъэм Хэку зауэшхуэм хэкIуэдащ.

Шумахуэ Хьэзрэ1илрэ и щхьэгъусэ По Барэрэ хъыджэбзищрэ зы щIалэрэ зэдагъэуэтащ. Иджыблагъэ Хьэзрэ1ил и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуащ, и бын дахэм я хэр илъагъуу, гуфIэгъуэ уэрэдкIэ и гъащIэр гъэнщIауэ иджыри куэдрэ и унагъуэм, лъэпкъым хуэузыншэну дыхуохъуахъуэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Пшыхьхэр

ТхылъыщIэм и лъэтеувэ

Налшык дэт «Акрополь» щэнхабзэ-нэгуэныжь Іэхуущ Іапэм щекIуэкIащ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Дагъыстэн республикэхэм я щIыхубэ артист Тут Заур и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ теухуа «Мелодии моей судьбы» тхылъым и лъэтеувэ пшыхь гуапэ. Ар иджыблагъэ Москва къыщыдигъэкIащ усакIуэ Гольцевэ Аллэ.

ДИ ХЭКУЭГЪУ артист цIэрыIуэм и пшыхьым кьрихьэлIахэр и уэрэдхэм и гуапэу иригъэдэIуащ («Адыгэ», «Си гъатхэ», «Кьуужэр», «Музыка - судьба моя», «Улыбнись», нэгъуэщIхэми). Апхуэдэу Тут Заур игъэзащIэ уэрэдхэм я тхыдэми кьыгъеувыIащ. Кьызэхуэсахэм ахэр ягу дихьащ, я гукъыдэжьми хигъэхъуащ.

- Адыгагъэр уэ пхуэдэу цIыхугъэщ, дуней тетыкIэщ, ІэхуущIафэщ зэрыгъэлъэгъуэн хуейр. Дяпэкли макъамэ гъуэзджэм хэлъхьэныгъэфIэхэр хуэпщIыну, зебгъэуэжыну, адыгэм и цIэр жыжьэ щыбгъэIэну Тхьэм жиIэ, - зыхуигъэзащ уэрэджыIакIуэм УФ-м гъуэзджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, композитор, усакIуэ **ХьэIупэ Джэбрэ1ил**.

Зэщхьэгъусэхэу композитор цIэрыIуэ **Жырыкъ Зауррэ** КъБР-м щэнхабзэмкIэ и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщI, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Дау Марианнэрэ** кьызэхуэсахэм ядэгуэщащ Тут Заур теухуа я гукъэкIыжкIэмкIэ икIи уэрэджыIакIуэм псалъэ гуапэхэр хужаIащ, и макъ гуакIуэр фIэмыкIуэду, и зэфIэкIыр мыкIуэщIу илъэс куэдкIэ тхуэпсэуну екъуэхъуащ.

«Гу къабзэхэр» жылагъуэ зэгуэхьэныгъэм кьыбгъэдэкIыу **Кьарэ Ратмир** Тут Заур тыгъэ хуищIащ «Кьалмыкъ Юрий кьэзралъхурэ илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ» медалыр.

Дызэрыгушхуэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэм фIыщIэ хуищIащ и ныбжьагъу, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ **Ацкъан Руслан**, «Мелодии моей судьбы» и тхылъыр и жэрдэмкIэ кьызэрыдагъэкIам папщIэ. Макъамэ гъуэзджэм хэлъхьэныгъэфIэхэр хуэзыщIа уэрэджыIакIуэр кьытеувыIащ экземпляр 500 хъуэу кьыдэкIа и тхылъым и ныбжьагъуэхэмрэ и лэжьэгъуэзмрэ абы и унагъуэм, и гуащIэм, и лэжьыгъэм теухуауэ ятхахэмрэ жаIамрэ, езым кьыIаха интервьюхэр зэрыщIэзэкIэлъыхьам. Абыхэм кьахощ артистым и сабиигъуэмрэ щIалэгъуэмрэ зыхуэдэр, ар макъамэм зэрыхуеджам, и адэ-анэм хабзэм, нэмысым зэрыщIапIыкIар, и унагъуэ насыпыр зэрызэрIуувар, КъБР-м и Правительствэм зэрыщылажьар, хьэл-щэн, дуней тетыкIэ екIу зэрыдэлъагъур, пщIэрэ нэмысрэ кьызэрыхуащIыр. Тхылъым хагъэхьащ Заур теухуа сурэт куэди. КъищынэмыщIауэ, Тутым жиIащ и уэрэдхэр зытет дискхэр саугъэт папщIэу итыну кьызэрыдигъэкIар.

Пшыхь гуапэр щIэщIыгъуэу, нэгуэныжьу, гукъинэжу екIуэкIащ. Абы зыкъырезыгъэхьэлIа дэтхэнэми тыгъэ хуищIащ Тут Заур и «Мелодии моей судьбы» тхылъымрэ и уэрэдхэр зытет «Къэбэрдей», «Адыгэхэр» дискхэмрэ.

Зэхьыхьэм хэтащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд**, сурэтыщI цIэрыIуэ **Црым Руслан**, лъэхъхутэ, тхылъ тедзапIэм и унафэщI **Котляров Виктор** сымэ, Тут Заур и Іыхьлыхэр, жьэгъуэхэмрэ и лэжьэгъуэхэмрэ абы и унагъуэм, и гуащIэм, и лэжьыгъэм теухуауэ ятхахэмрэ жаIамрэ, езым кьыIаха интервьюхэр зэрыщIэзэкIэлъыхьам. Абыхэм кьахощ артистым и сабиигъуэмрэ щIалэгъуэмрэ зыхуэдэр, ар макъамэм зэрыхуеджам, и адэ-анэм хабзэм, нэмысым зэрыщIапIыкIар, и унагъуэ насыпыр зэрызэрIуувар, КъБР-м и Правительствэм зэрыщылажьар, хьэл-щэн, дуней тетыкIэ екIу зэрыдэлъагъур, пщIэрэ нэмысрэ кьызэрыхуащIыр. Тхылъым хагъэхьащ Заур теухуа сурэт куэди. КъищынэмыщIауэ, Тутым жиIащ и уэрэдхэр зытет дискхэр саугъэт папщIэу итыну кьызэрыдигъэкIар.

Пшыхь гуапэр щIэщIыгъуэу, нэгуэныжьу, гукъинэжу екIуэкIащ. Абы зыкъырезыгъэхьэлIа дэтхэнэми тыгъэ хуищIащ Тут Заур и «Мелодии моей судьбы» тхылъымрэ и уэрэдхэр зытет «Къэбэрдей», «Адыгэхэр» дискхэмрэ.

Зэхьыхьэм хэтащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд**, сурэтыщI цIэрыIуэ **Црым Руслан**, лъэхъхутэ, тхылъ тедзапIэм и унафэщI **Котляров Виктор** сымэ, Тут Заур и Іыхьлыхэр, жьэгъуэхэмрэ и лэжьэгъуэхэмрэ зигу дихьэхэр, щэнхабзэм, гъэзаджэм я лэжьакIуэхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Футбол

Бжьыпэр зыIыгъар иджы къехуэх зэпытщ

Тхьэмахуит1 ипэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым пашэныгъэр щыIыгъа Налшык и «Звезда»-р иджы ещанэщ икIи бжьыпэр зыубыда «Къэхъунымрэ очкоиплIкIэ кьыкIэрыкъу хъуащ.

КЪЭРЭЗЭШ и «Велес»-р джэгугъуэ кIуам кьызэрытекIуащ «Звезда»-м и футболистхэм хуабжьу зэрызыхащIам шэч хэлъкъым. Абы и щIыхьэтщ къыкIэлъыкIуэ зэIуущIэми ахэр зэрыщIыхуэмыхуар икIи турнир таблицэм и курыт увыпIэхэм ящыщ зыш щыт «Союз-Сэрмакъым» пэмыльэщу аргуэру очкоитI зэрафIэкIуэдар. Зэхьэзэхуэр ихуныим джэгуГъуэплI фIэкIа кьызэрымыжэкар къэпльытэмэ, иджыпсту очкоиплIкIэ кьыщыхъэщIкIа «Къэхъуным» ахэр льэщIэмыльхьэжьфынкIэ хъунущ. Ар зрагъэхъулIэн папщIэ, япэщIыкIэ мазаем и 5-м налшыкдэсхэм Іэмал имыIэу пашэр хагъэщIэн хуейщ. Адэкли Іуэхур зэрыхъунур зэлъытар езы «Звезда»-м щыджэгуэхэ я закъуэкъым.

Абы щыгъуэми «Къэхъунымрэ» и гъуэм аргуэру зы тоти дигъэкIакъым икIи си чэзу текIуэныгъэр зыIэригъэхьэри, и пашэныгъэр ихъумащ. «Школ №31-РусГидро»-м ар зы очкокIэ япэ итщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм къыхэнэныкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ «Шагъдийм-рэ» «ЛогоВАЗ»-мрэ я зэIуущIэм. Зеикъуэдэсхэр абы бжыгъэшхуэкIэ щытекIуащ икIи «щыхуIэм» мащIэу кьыщхьащIыкIуэтащ. Бабугентдзэсэм я Іуэхур нэхъ Іеиж хъуащ. Налшык и «Спартак»-мрэ абырэ иджы иужь дыдэ увыпIэм ящыщхутащ, очко тхурытху фIэкIа ямыIэу.

ГуащIэхуэхэм я зэпеуэм пашэныгъэр зэрыщIыгъащ «Школ №31-РусГидро»-м и пашэ Апажэ Чэрим. Ар 16-рэ къыхэжаныкIащ икIи топихкIэ япэ ищащ «Звезда»-м щыщу къыкIэлъыкIуэ Темукуев Марат.

Адэкли фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым иужьу щызэхэта зэIуущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: **«Къэхъун»** (Къэхъун) - **«ГорИс-179 Кавказкабель»** (Прохладнэ) - **2:0**, **«Ансар»** (Налшык) - **«Спарта»** (Налшык) - **2:1**, **«Союз-Сэрмакъ»** (Налшык) - **«Звезда»** (Налшык) - **1:1**, **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) -**3:0**, **«Школ №31-РусГидро»** (Налшык) - **«Спартак»** (Налшык) - **1:0**, **«Спартак-Налшык-Д»** (Налшык) - **«Мурбек»** (Налшык) - **1:1**, **«Спартак-Налшык-2000»** (Налшык) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **1:0**, **«Къулькъужын-Тэрч»** (Къулькъужын) - **«Велес»** (Къэрэгъэш) -**1:3**.

ХьэТАУ Исльам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2016/2017 гъэхэм я щIымахуэ чемпионатыр зэрекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. **«Къэхъун»**	11	9	1	1	15-4	28
2. **«Школ №31-РусГидро»**	11	9	0	2	26-6	27
3. **«Звезда»**	11	7	3	1	24-9	24
4. «Велес»	11	7	2	2	20-9	23
5. «Спартак-Налшык-Д»	11	6	4	1	19-9	22
6. «Мурбек»	11	5	2	4	13-13	17
7. «Къулькъужын-Тэрч»	11	5	1	5	18-16	16
8. «Ансар»	11	5	1	5	17-22	16
9. «Союз-Сэрмакъ»	11	4	4	3	23-20	16
10.«Автозапчасть»	11	4	2	5	12-16	14
11.«Спарта»	11	4	0	7	18-22	12
12. «Шагъдий»	11	3	0	8	13-22	9
13. «ГорИс-Кавказкабель»	11	2	3	6	13-23	9
14.«Спартак-Налшык-2000»	11	2	1	8	8-15	7
15. «Спартак»	**11**	**1**	**2**	**8**	**10-20**	**5**
16.«ЛогоВАЗ»	**11**	**1**	**2**	**8**	**12-35**	**5**

● Дзюдо

Спортемен нэхъыщIэхэр зэпоуэ

«Галерея» тыкуэн-зыгъэпсэхупIэ центрым щекIуэкIащ «Динамо»-р - республикэм и сабийхэм» Іуэхум тещIыхьа турнир. КъБР-м и щIыналъэ зэмылIужьыгъуэхэм къикIащ 2007-2008 гъэхэм кьалъхуа сабий 200 хуэдиз. Дэтхэнэми ар и япэ спорт зэхьэзэхуэт.

- ТУРНИРЫР Налшык щыдогъэкIуэкI, кьалэм дэс сабийхэр куэду кьетшэлIэн папщIэ. Нобэ, псалъэм папщIэ, ахэр дзюдомкIэ зэхьэзэхуэнщ, иужькIи нэгъуэщI спорт лIэужьыгъуэми я зэфIэкI щеплъыжынщ. Нэхъыщхьэр, спортым сабий нэхъыбэ дегъэхъэхьынырщ - жиIащ «Динамо» урысейпсо физическэ-щэнхабзэ-спорт зэгуэхэныгъэм и щIыналъэ кьудамэм и унафэщIым и Іуэрэдзэ Джэданэ Заур.

НыбжьыщIэхэм я зэпеуэм еплъыну кьэкIуат республикэм щыщу Европэмрэ дуней псомрэ я чемпион цIэрыIуэхэр.

ЦIыкIуэр щызэпеуаш хьэлъагъ зэхуэмыдэу 10-м. ЕкъуэлIэныгъэ зыIэрызыгъэхьэхэмрэ текIуэхэмрэ кубокхэр, медалхэр, щIыхь тхылъхэр ираташ.

УЭРКЪ Жыраслъэн.

● Гу зытъэтапхъэ

Инджылызыбзэр зэвгъэщIэну фыхуеймэ

Илъэс 30-кIэ Америкэм щылажьа егъэджакIуэм инджылызыбзэкIэ хунту фытхъу, фыкъеджэу икIи фыпсалъэу фригъэсэнущ.

Ар ядолажьэ:

- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-м ит сабийхэм;

- студентхэм, балигъхэм, бизнесменхэм.

Курсым зезыгъэтхъэр тхьэмахуэм щэ къекIуэлIэнущ, тхьэмахуэ зэхуакуи 5-кIэ еджэнущ. Япэ дерсыр щIэнишэу щытынущ.

Инджылызыбзэр зыдэкIыну хуейхэр 8-967-417-78-85 телефонымкIэ фыпсалъэ хъунущ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ